ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№44 (24.482) • 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •





## Кавказ Ищхъэрэм и шынагъуэншагъэр

**УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай мэлыжьыхьым и 13-м Налшык щригъэкIуэкIащ зи пашэ IэнатIэм и зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм (КИФЩI) шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымкIэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр егъэкIуэкIын зэрыхуейм. Лэжьыгъэм хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий, Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр, федеральнэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр.**

### Зэкъуэтыныгъэр къару лъэщщ

**Патрушев Николай** и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ: «Лъэпкъыбэу зэдэпсэу къэралым и зэкъуэтыныгъэр къагъэтIэсхъэн папщIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм ящыщщ цIыхум и гупсысэр зэтезыгъэкI хъыбар нэпцIхэр жылагъуэм щыгъэIуныр, Iуэхугъуэ мыхъумыщIэхэр лэжьыным хузэщIэгъэстыныр, тхыдэр зэблэшыныр. Урысейм и текIуэныгъэращ ди къэралым шынагъуэншагъэ къыщызэзыгъэпэщыфынур, Европэр зэпIэзэрыт щытыкIэм хуэзышэжыфынур, Iуэху еплъыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщалъытэ дуней зэтезыгъэувэфынур».

**Чайкэ Юрий** къызэрыхигъэщамкIэ, къухьэпIэмкIэ къикI шынагъуэм щыхэхъуэ зэманым мыхьэнэ иIэщ къэрал унафэщIхэм хъыбар пэжыр и чэзум цIыхубэм ирагъэщIэным, ахэр экстремист Iуэхугъуэхэм дамыхьэхын папщIэ.

«УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратыр ди дэIэпыкъуэгъуу, щIыналъэм хиубыдэ субъектхэм щыдогъэзащIэ щIалэгъуалэр, къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным хуэщIа проектхэр. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэхэр, анэдэлъхубзэхэмрэ хабзэхэмрэ хъумэным, жылагъуэм пщIэ щаIэным гулъытэ худощI. ЩIэблэр экстремизмэм пэщIэтыфыным, къэралым щызекIуэ хабзэхэр ягурыгъэIуэным хуэгъэпсауэ зэхыдошэ школакIуэхэмрэ студентхэмрэ я зэхуэсхэр», - къыхигъэбелджылыкIащ Чайкэ Юрий.



**КIуэкIуэ Казбек** фIыщIэ яхуищIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэм хэтыну ди республикэм къэкIуахэм. «Псоми къыдгуроIуэ дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэм дэтхэнэм и дежкIи мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Республикэм и унафэщIхэм федеральнэ, щIыпIэ хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэр ди гъусэу а унэтIыныгъэмкIэ лэжьыгъэхэр щыщIэдгъэхуэбжьэнщ. ЗэIущIэм къыщащтэну унафэхэр Iуэхур нэхъ тэмэму зэфIэхынымкIэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур си фIэщ мэхъу», - жиIащ КIуэкIуэм.

ЗэIущIэм гулъытэшхуэ щыхуащIащ жылагъуэм экстремист гупсысэкIэм зыщемыгъэужьыным, террорым пэщIэтыфын Iуэхугъуэхэр щегъэкIуэкIыным. Къэралым щыпсэу лъэпкъхэм, щызекIуэ динхэм яку зэныкъуэкъухэр къыдэзылъхьэну хущIэкъуу КъухьэпIэмкIэ къикI гупсысэхэм ткIийуэ пэщIэтын зэрыхуейри къыхагъэщащ.

### Къэрал къулыкъущIэхэр зочэнджэщ

Ди республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ къэкIуа Патрушев Николай щхьэхуэу яхуэзащ Чайкэ Юрийрэ КIуэкIуэ Казбекрэ.

Къэрал къулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэпхъаджагъэхэм щапэщIэтын зэрыхуейм. Гулъытэ хэха хуащIащ къэхъункIэ хъуну террорист шынагъуэхэм и чэзум пэщIэувэным, апхуэдэуи ахэр къэмыгъэхъуным елIэлIэнми. Зэхуэсым и гугъу щащIащ щIалэгъуалэм дзэ-хэкупсэ, псэкупсэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтыным.

### Фэеплъхэм пщIэ хуащI

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIэ зэманым къриубыдэу, УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай кIуащ Урысей гвардием и щIыналъэ IэнатIэмрэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и центрымрэ. Абы и гъусэу а IуэхущIапIэхэм щыIащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрийрэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ.

УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и Советым и Секретарым щыгъуазэ зыхуищIащ а частхэм яIэ дзэ техникэм, Iэщэ-фащэхэм, зригъэлъэгъуащ Урысей гвардием и къулыкъу щызыщIэхэм ябгъэдэлъ зауэ, спорт зэфIэкIхэр. Апхуэдэуи а IэнатIэхэм я унафэщIхэм я къулыкъум епха Iуэхугъуэхэм-кIэ епсэлъылIащ.

Патрушев Николай удз гъэгъахэр трилъхьащ Урысей гвардием Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Управленэм и къулыкъущIэхэу я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым.

### ЩIыналъэм и щытыкIэм зыщегъэгъуазэ

Чайкэ Юрийрэ КIуэкIуэ Казбекрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ иужькIэ Налшык щызэIущIащ. УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэр ди республикэм къэкIуат, УФ-м Шынагъуэншагъэмкlэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и шынагъуэншагъэм теухуауэ ди къалащхьэм щригъэкIуэкIа зэхуэсым хэтыну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ди республикэм щыщыIэ социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ щытыкIэхэм. Ахэр гупсэхуу къытеувыIащ УФ-м и Президентым а унэтIыныгъэхэмкIэ ищIа унафэхэр щIыпIэм зэрыщагъэзащIэм. Апхуэдэу зэIущIэм къыщаIэтащ щIыналъэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ псынщIэу зезыгъэужьыну проектхэр зэрыщагъэзащIэм, республикэм цIыхухэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэрыщызэрагъэпэщым, лъэпкъ проектхэм зэрыщелэжьым.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IутIыж махуэм теухуа и хъуэхъу

Си гум къыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и чыристан диныр зезыхьэ псоми сохъуэхъу IутIыж махуэмкIэ.

Мы гуфIэгъуэ махуэр и дамыгъэщ псэр къэщIэрэщIэжыным, абы цIыхухэм гуфIэгъуэрэ гугъэрэ ярет, гурыщIэ къабзэ дыдэхэм яхузэщIегъэуIуэ, гъащIэр, гуапагъэр, захуагъэр зэрыщыIэмкIэ фIэщхъуныгъэ яхелъхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чыристан члисэ псоми езыхэм я IуэхущIафэхэр иджыпсту хуаунэтI къыддекIуэкI тхыдэ, щэнхабзэ хабзэ къулейхэр ихъумэным, ди псэкупсэ лъапIэныгъэхэр, унагъуэр игъэбыдэным, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэным. ФIыщIэ щхьэхуэ яхуэфащэщ абыхэм цIыхухэм яку дэлъ зэхэщIыкIыр, ди жылагъуэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ щыIэным хуищI хэлъхьэныгъэм, гулъытэрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэхэм защIигъэкъуэным зэрыхущIэкъум.

Хуабжьу си гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху псоми узыншагъэ быдэ яIэну, псэукIафIэ хъуну, фIы къайхъулIэну.

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

**2023 гъэм мэлыжьыхьым и 20-м** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ зэхэтынущ.

ЩыщIидзэнур сыхьэти **9-рэ дакъикъэ 30-рщ**.

* * *

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъазэм и IуэхукIэ» КъБР-м и Правительствэм и Унэм **мэлыжьыхьым и 20-м сыхьэт 12-м** Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэ щекIуэкIынущ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-іуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ*



# Щхьэж и Іуэху еплъыкІэр хуиту къегъэлъагъуэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ Назаров Сергейрэ «Іуащхьэмахуэ» турист-рекреационнэ комплексым адэкІэ зэрызрагъэужьынум теухуа зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и къуэдзэ Надыкто Владимир, «Кавказ.РФ»-м и генеральнэ унафэщІ Юмшанов Андрей, къэрал министерствэхэм, зыужьыныгъэмкІэ институтхэм, «Іуащхьэмахуэ» ВТРК-м я лІыкІуэхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм Назаров Сергей фІыщІэ хуищІащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэр республикэм сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъуэгъу къызэрыхуэхъум папщІэ. КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ, туризмэри хыхьэу, зыужьыныгъэ зиІэну унэтІыныгъэхэмкІэ лъэныкъуитІми я фейдэ хэлъу «Кавказ.РФ»-м дэлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Назаров Сергей жиІащ республикэм и Правительствэм щІыгъуу Іуащхьэмахуэ туризм ІэнатІэм зэрызыщрагъэужьынум теухуа Іуэхухэр зэрыщаубзыхуар, бгы-лыжэ спортыр егъэфІэкІуэнымкІэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыр.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Урысейм и Правительствэм Іуащхьэмахуэ дунейпсо мардэм хуэкІуэу бгы-лыжэ курорт къыщызэгъэпэщынымкІэ къыхилъхьа проектыр егъэзащІэ. 2022 гъэм абы зыщагъэпсэхуащ турист мин 580-м нэблагъэм, ар нэгъабэ щыІам нэхърэ процент 48-кІэ нэхъыбэщ. АдэкІи я мурадщ инвестицэ Іуэхухэр ирагъэфІэкІуэну. «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэм щекІуэкІ ухуэныгъэхэм зауж ьыхукІэ, шэч хэмылъуи, абы текІуадэ мылъкуми хохъуэ.

«Кавказ.РФ»-м и унафэщІ Юмшанов Андрей къызэригъэлъэгъуамкІэ, къалэухуэ, щІы-мылъку Іуэхухэмк Іэ щыІа гугъуехьхэр псори зэфІахащ, щІыналъэм къехьэлІа дэфтэрхэр мэлыжьыхьым и 24 пщІондэ республикэм и Правительствэм и пащхьэ иралъхьэнущ.

Къагъэлъэгъуахэм ящыщу экономикэ щІыналъэ щхьэхуэу плІым инвестор лъэщу 15 къыщІэупщІащ. Къапщтэмэ, инвесторхэр дэзыхьэхыр туризмэм пыщІа Іуэхухэм я закъуэкъым.

Тырныауз бгыгъэбатэ комбинатым и лэжьыгъэр зэтеублэжыныр къэралым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ икІи абы и лъэныкъуэкІэ Іуэху пыухыкІахэр республикэм щрагъэкІуэкІ. Назаров Сергей зэрыжиІамкІэ, а проектым хухаха мылъкум хэгъэхъуэнымкІэ къэрал унафэ къащтащ. Ар гъэзэщІа хъумэ, абы цІыху 1200-рэ лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэригъэпэщынущ. «Мы мазэм и кІэм ирихьэлІэу а Іуэхур зэтеувэнущ. ИджыпстукІэ УнафэщІхэм я Советыр хоплъэж. «ВЭБ.РФ» къэрал корпорацэми «ВТБ» банкми я кредит комитетхэм унафэхэр къащтащ», - къыхигъэщащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэхэмкІэ и министрым и къуэдзэм.

Апхуэдэу къэрал дэІэпыкъуныгъэкІэ щІыналъэм щагъэзащІэ АПК-м, псэупІэ ухуэныгъэм, IT-технологием епха инвестпроектхэр.

Назаров Сергей инвестицэ Іуэхухэм теухуа зэІущІэ республикэм и хьэрычэтыщІэхэм ядригъэкІуэкІащ. Ахэр тепсэлъыхьащ щІыналъэм и зыужьыныгъэм, абы щрагъэкІуэкІыну ухуэныгъэхэм, лэжьыгъэ ІэнатІэхэр къызэгъэпэщыным, хьэрычэтыщІэ Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ, кредит дэІэпыкъуныгъэхэм, нэгъуэщІ куэдми. Щхьэж и Іуэху еплъыкІэр хуиту къыщагъэлъагъуэу екІуэкІа зэІущІэм къыщыпащэнущ накъыгъэ мазэм зэхэтыну Кавказ инвестицэ гъэлъэгъуэныгъэм.

# Парламент зэдэлэжьэныгъэм хыхьэу

**УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур хэтащ СНГ-м щыщ къэралхэм я парламентхэр зыхэт ассамблеем (МПА) политикэ Іуэхухэмрэ дунейпсо зэдэлэжьэныгъэмкІэ зэпымыууэ щыІэ и комиссэм и зэІущІэм.**



Зэхуэсыр къызэрагъэпэщат СНГ-м и МПА-м и гъатхэ лэжьэгъуэм ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм хыхьэу. Зэрыхабзэу, ар Санкт-Петербург къалэм мэлыжьыхьым и 13 - 14-хэм техуэу йокІуэкІ.

Депутатхэр едэІуащ США-м нэгъуэщІ щІыпІэхэм, Украинэри абыхэм яхэту, щригъэкІуэкІ дзэ-биологие лэжьыгъэхэр къызэрапщытам кърикІуахэм.

Комиссэм къызэрызэщІикъуэжамкІэ, США-р щІэгъэкъуэн яхуохъу цІыхумрэ псэущхьэмрэ я узыншагъэм зэран хуэхъу «Іэщэхэр» къыщІагъэкІыным, апхуэдэхэр къагъэсэбэпыным.

ЗэІущІэм арэзы щызэдэхъуащ «биологие Іэщэхэм» ехьэлІауэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным нэхъри зэрегугъупхъэмкІэ.

Апхуэдэуи зэІущІэм щытепсэлъыхьащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ пэщІэтыным теухуауэ СНГ-м и Парламентхэр зэрызэдэлэжьэну щІыкІэм.

# Унагъуэмрэ абы и лъапІэныгъэхэмрэ

**КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмк Іэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым зэІущІэ щекІуэкІащ. Ар теухуауэ щытащ унагъуэмрэ абы и лъапІэныгъэхэмрэ быдэу хъума хъун папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэсэбэп Іэмалхэм.**

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу КъБР-м и Парламентым щыІэ **ДыщэкІ Мадинэ**, хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и депутатхэр, зи гугъу ящІ Іуэхур зи нэІэ щІэт министерствэхэмрэ къулыкъущІапІэхэмрэ щылажьэхэр. Ар къыщызэІуихым Парламентым ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** жиІащ унагъуэ лъапІэныгъэхэр хъумэным мыхьэнэшхуэ иІэу къэралым къызэрыщалъытэр.

- Уасэ хуэщІыгъуейщ унагъуэм цІыхум дежкІэ иІэ мыхьэнэм, абы къыхэкІыу а Іуэхум гулъытэ хэха щегъуэт къэрал унафэхэми. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, УФ-м и Президентым иджыблагъэ къыдигъэкІащ урысей псэкупсэ лъапІэныгъэхэр хъумэным теухуа къэрал политикэм и лъабжьэр гъэувыным теухуа унафэ.

Унагъуэ хуэмыщІам и тегъэщІапІэ нэхъыщхьэр къэрал дэІэпыкъуныгъэращ. УФ-м и Президентым гъэ къэс Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъазэм къыщыхегъэщ хуэмыщІахэм, бынунагъуэшхуэхэм ядэІэпыкъуныр. ПсэукІэр тынш пщызыщІ хэкІыпІэ псори унагъуэхэм къахузэгъэпэщыныр иджыпсту япэ ирагъэщ къалэнхэм ящыщщ.

Гулъытэ зыхуэщІыпхъэхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хъунущ унагъуэ ухуэнымрэ ар зыхуей хуэзэу гъэпсэунымрэ теухуа щапхъэхэр цІыхухэм егъэлъагъуныр, унагъуэм исхэм я зэхуаку дэлъ пщІэм, нэхъыжьыр зэрагъэлъапІэм, сабийр зэрагъасэм нэхъыбэ кІэлъыгъэплъыныр. Унагъуэ дахэмрэ абы щызекІуэ хабзэмрэ мыхьэнэшхуэ яІэщ жылагъуэмрэ къэралымрэ я зыужьыныгъэм дежкІэ, - къыхигъэщащ депутатым.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министрым и къуэдзэ **Романовэ Еленэ** тепсэлъыхьащ унагъуэмрэ абы и лъапІэныгъэхэмрэ хъума хъун папщІэ ящІэхэм. А Іуэхум лъэныкъуитІкІэ йолэжь иджыпсту къулыкъущІапІэр: «Демография» лъэпкъ проектым хыхьэ «Сабий къызэрыхъуа унагъуэм ахъшэкІэ дэІэпыкъун» щІыналъэ проектымкІэ, Социальнэу хуэныкъуэхэм защІэзыгъакъуэ центрхэм сабийхэмрэ унагъуэмрэ яхуищІ гулъытэмкІэ.

Романовэм къызэхуэсахэм я пащхьэ ирилъхьащ 2022 гъэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэр, нэхъыбэу зытригъэщІари, «Сабий къызэрыхъуа унагъуэм ахъшэкІэ дэІэпыкъун» щІыналъэ проектыр зэрагъэзэщІарщ, абы нэгъабэ сом меларди 3,8-рэ хухахащ. Япэ сабий къызэрыхъуа унагъуэ 11050-м сом мелард 1,5-рэ иратащ, ещанэ, къыкІэлъыкІуэ сабий къызэрыхъуа унагъуэ 11320-м - сом меларди 2. Сабий къалъхуам папщІэ занщІэу ят ахъшэм хуэдэу сом мелуан 37,48-рэ унагъуэ 10678-м ихьащ.

ПсэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат уасэм и Іыхьэу сом мелуан 203,33-рэ бынунагъуэшхуэ мин 11-м иратыжащ, ар Іуэхутхьэбзэхэм щІата ахъшэм и процент 30 хуохъу унагъуэм. Апхуэдэ ахъшэу сом мини 172,4-рэ иратыжащ сабий къэзыхьауэ зыпІ унагъуиплІым, ар псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм щІат уасэм и процент 50-щ.

Сабий гъэсапІэм зи бын езышалІэ унагъуэ 4167-м я сабий 5707-р гъэсапІэм зэрыкІуэм щІат уасэм и Іыхьэу къэралым яритыжащ сом мелуан 25-рэ, бынунагъуэшхуэу 166-м я псэупІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ сом мелуан 41,25-рэ иратащ. Гъэ еджэгъуэщІэм бынунагъуэшхуэхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм къахэкІахэу, ныкъуэдыкъуэу, адэанэм я нэІэ щІэмытыжу къэна сабий 2588-м сом мин щырыщ хухахащ, псори зэхэту сом мелуни 7,8-рэ мэхъу, ар щэбэт щІыхьэхум къыхэкІа ахъшэщ.

Бынитху е нэхъыбэ зыхуей хуэзэу зыпІа бзылъхугъэ 21-м «Анэм и щІыхь» медалыр хуагъэфэщащ нэгъабэ, абыхэм я бын дэтхэнэми сом мин 30 хуэзэу ахъшэ тыгъэ хуащІащ. СабиипщІ къыщыхъу зы унагъуэм «Газель» микроавтобус иратащ.

2022 гъэм цІыху 89,1-м (сабий мини 123,44-м) сабий ахъшэ иратащ. Абы папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэхэлъым сом меларди 10,6-рэ къыхигъэкІащ.

Илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэсиблым нэс зи ныбжь сабийуэ 48738-м мазэ къэс сабий ахъшэ ират, ар унагъуэу 34586-м йохьэ.

УФ-м и Президентым къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ мазэ къэс ахъшэ ират илъэси 8-м къыщыщІэдзауэ илъэс 18 зи ныбжь сабийхэм. А унафэр зыхуей хуэзэу щагъэзащІэ ди республикэми.

Романовэ Еленэ тепсэлъыхьащ унагъуэхэмрэ сабийхэмрэ щадэІэпыкъу центрхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм. 2022 гъэм къриубыдэу апхуэдэ центрхэм щадэІэпыкъуащ цІыху 12506-м. Къэралым и нэІэ щІигъэкІыркъым гугъуехь пэщІэхуа ныбжьыщІэхэмрэ ахэр къыщыхъу унагъуэхэмрэ. Ахэр зыгъэпІейтейм теухуауэ къепсэлъэн ІэщІагъэлІ щагъуэт центрхэм, апхуэдэуи псэукІэр тынш ящызыщІ, я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъун чэнджэщхэр.

Унагъуэм и пщІэр къэІэтыным, балигъыпІэ имыува ныбжьыщІэхэм лей къатемыгъэхьэным хуэгъэпсауэ 2022 гъэм центрхэм щекІуэкІащ лекцэхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, «стІол хъурейхэр», адэанэхэм я упщІэхэм я жэуап щагъуэт зэІущІэхэр. Министрым и къуэдзэм къыхигъэщхьэхукІащ Украинэм щекІуэкІ дзэ Іуэху хэхам щыІэ щІалэхэм я унагъуэхэм гулъытэ хэха зэрыхуащІыр.

Унагъуэмрэ абы и лъапІэныгъэхэмрэ хъумэным теухуауэ ялэжьхэм тепсэлъыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Іэминат**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ **Мысост Екатеринэ**, щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ министрым и къуэдзэ **Ахъмэт Артур** сымэ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, ахэр программэ хэхахэмкІэ жыджэру ядолажьэ ныбжьыщІэхэмрэ щІалэгъуалэмрэ икІи унагъуэр хэт дежкІи зэрылъапІэр, абы япэ ибгъэщ хъун зэрыщымыІэр, хэкупсэу, лъэпкъым и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ плъытэу дунейм утетыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр гурагъаІуэ, абы теухуа зэІущІэхэр, зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ. Апхуэдэуи спортымрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэмрэ жану хэтыну къыхураджэ, къыдахьэх.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэу ядэІэпыкъунымкІэ и центрым и унафэщІ **Темрокъуэ Оксанэ** тепсэлъыхьащ унагъуэхэр щытыкІэ гугъу имыхуэным, бэлыхь хэхуахэр а щытыкІэм къиишыным теухуауэ ящІэм.

ЖаІахэр къыщызэщІакъуэжым, депутатхэр тепсэлъыхьащ СВО-м хэтхэм я унагъуэхэм, зи закъуэ анэхэм гулъытэ нэхъыбэ яхуэщІын зэрыхуейм, нэгъуэщІхэми.

# ГъащIэм и плъыфэхэр

*Анэдэлъхубзэр цIыкIухэм езыгъащIэ, абы Iулыдж хуащIу, лъагъуныгъэ хуаIэу къэзыгъэтэдж егъэджакIуэхэм лъэпкъым Iуэхутхьэбзэу хуащIэр къыпхуэмылъытэну инщ. Ахэращ махуэр зи кIыхьагъым сабийхэм яхэтыр, я щIэныгъэмкIэ ядэгуашэу, цIыхугъэм хуаущийуэ, адыгагъэм хуагъасэу. Адыгэбзэм и IэфIыр щIэблэм зыхезыгъащIэ егъэджакIуэхэр Нало Заур жалгъын жыгым иригъэщхьырт - и жыг щхьэкIэр жьауабэщ, махуэм я нэхъ хуабэми жьы щабэ мащIэ къыпихум ущIигъалIэркъым, пкъыщIэлIэ ухъуми, укъызэщIегъэрыуэж, жиIэрт. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэм гу зылъитар думыщтэнкIэ Iэмал иIэкъым: лъэпкъым псэуэ нобэ Iутыр бзэр зыгъэлажьэу хэтхэращ, ар цIыкIухэм езыгъэджхэращ, пщэдейрей махуэхэм нэзыхьэсхэращ.*

*Еджэныгъэми, гъэсэныгъэми, унагъуэми зыкъыдагъахуэу егъэджакIуэхэм жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм зыщратым деж умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым абыхэм къызыкъуах гуащIэмрэ зэфIэкIымрэ. Сыт хуэдизу анэдэлъхубзэр фIыуэ плъагъун хуей, ар и тегъэщIапIэу къызэрагъэпэщ зэпеуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, зэхуэсхэм уи зэфIэкI щыбгъэлъагъуэу ухэтын папщIэ?! Сыт хуэдиз зэфIэкI убгъэдэлъын хуей, уздихьэ утыкум укъыщыхэжанык Iын папщIэ?! Адыгэбзэмрэ лъэпкъ литературэмкIэ егъэджакIуэхэм пщIэшхуэ яхуэзыщIу щыта Нало Заур и фэеплъу Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкIа тхыгъэ зэпеуэшхуэр абы щыхьэт тохъуэ. Лэжьыгъищэм щIигъу къыхэкIати, къэпщытакIуэхэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым егъэджакIуэхэм зэрагъэпэща тхыгъэхэм щалъэкIар, къыщаIэтар, къызэщIрагъэубыдар. Пэжщ, тхэныр зи IэщIагъэу абыхэм мащIэ дыдэт яхэтыр, ауэ зэпеуэм и гуращэ нэхъыщхьэр тIэкIу нэгъуэщIт - бзэм и пщIэр къэIэтынырт, егъэджакIуэхэр къалэмым тегъэгушхуауэ, я зэфIэкIхэр утыку къегъэщIынырт. Ар Адыгэбзэ Хасэм къехъулIуэ жыпIэ хъунущ.*

*ГъащIэ щыхъукIэ, цIыхум куэд и нэгу щIокI, нэхъыбэж елъагъу. КъэпщытакIуэхэм «мыр нэхъыфI дыдэщ» жаIэу къыхахахэм щыIэныгъэр плъыфэбэу зэрызэхэтыр, узыпэмыплъа Iэджэ къызэрыщыхъур уи фIэщ ящI. Апхуэдэт Джылахъстэнеймкlэ щыIэ Тамбовскэ къуажэ цIыкIум дэт, Щомахуэ Алексей и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Щомахуэ Дусэ и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэри. КъэпщытакIуэхэр нэку-нэпс зыщIа тхыгъэм, дауи, сюжет Iэрамэбэ къыхэпшурэ зебгъэубгъуфынущ, ауэ, гъэщIэгъуэныр, пэж дыдэу къэхъуа Iуэхугъуэр ухэт фIэкIа умыщIэну къэIуэта зэрыхъуарт, цIыхугъэр гъащIэм и мардэу къэувмэ, узыпэмылъэщын шынагъэ зэрыщымыIэр хьэкъыу ппхигъэкIыу зэрыгъэпсарт. Щомахуэ Дусэ хузэфIэкIащ цIыхугум щыщIэр, къетхэкIышхуэ хэмыту, зэпищэн, псэ зыIутыр зыIуувэ IэнатIэр псэуныгъэм Iэджэ шыбзэми зэрыщIигъэкIыр къигъэлъэгъуэн. Тхыгъэ кIэщIым и кIуэцIкIэ егъэджакIуэм зы гъащIэ къыщигъэлъэгъуащ – фIэщхъуныгъэр щыкIуэдым гугъэр зэрыщыужьыхыр, тегушхуэныгъэ здэщыIэм ар къызэрыщыщIэрэщIэжыр. Гугъэр езыр щызыгъэIэр лъагъуныгъэращи, Щомахуэм и тхыгъэм хигъэува лIыхъужьхэм, абыхэм нэгъуэщIу уеджэфынукъым, а гурыщIэм и хьэкъхэр нэсу ягъэзэщIащ.*

*КъэпщытакIуэхэм* ***ЩОМАХУЭ Дусэ*** *и IэдакъэщIэкIым япэ увыпIэр хуагъэфэщащ. ЕгъэджакIуэхэм я лъэIукIэ а тхыгъэр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ди гуапэу идолъхьэ.*

**ТАБЫЩ Мурат**.

# Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ

ЦIыху гъащIэр псыежэхышхуэм изогъэщхь сэ. Языныкъуэ цIыхухэм я гъащIэр Iэсэу, сабыру, телъэщIауэ хуэмурэ йокIуэкI. Хэти псы къиуам ещхьщ и гъащIэр, толъкъунхэм хуэдэу къэукъубейрэ и хуабжьагъыу къакIуэр нэпкъым жьэхэуэрэ къигъэлъеижу, хэти гъащIэ архъуанэм ирилъафэрэ къэгъазэ имыIэу ирихьэхыпэу.

Сэ сызэрыхуейм хуэдэу си гъащIэр сухуэнщ жыпIэкIи, сызыхуей насыпым хуэдэ зэзгъэхъулIэнщ жыпIэкIи, узэрыхуей дыдэу псори хъуркъым. ЦIыху натIэм къритхауэ, умыгъэунэхункIэ фIэкIыпIэ имыIэу зыгуэр щыIэщи, аращ Алыхь Iэмыр хъужыр езыр.

СэIимэт университетым бзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къиухри, а заманым апхуэдэу хабзэти, и IэщIагъэм ирилэжьэну щыхьэрым пэжыжьэ къуажэ пхыдза дыдэм ягъэкIуат. ЕгъэджакIуэу лэжьэну къэкIуагъащIэхэм папщIэ унэ хэха еджапIэм иIэтэкъыми, къуажэ унафэщIхэр елъэIури, пэш лей зиIэ зы адыгэ унагъуэ гуэрым я деж ар щIагъэтIысхьат.

Лэжьэн зэрыщIидзэу СэIимэт ягу ирихьащ и лэжьэгъу гупым. «УштилыщIэ къытхуагъэкIуащ», жаIэри еджакIуэхэр Iыхьэлейуэ къыщыгуфIыкIащ. СэIимэт хъыджэбз дахэт. И зыхуэпэкIэкIи, и теплъэкIи гурыхьт. Хъыджэбз Iэдэбт, щэныфIэт. И щхьэц фIыцIэр зэщIэкъуарэ и псэлъэкIэм сабийри балигъри къыдихьэхыу апхуэдэт. ЕгъэджакIуэфI зэпIэзэрыт къызэрыхэкIынум и нэщэнэт ар псори. ЦIыкIухэм уращIэщыгъуэу, апхуэдэу псоми я гумрэ я псэмрэ укъиштэу уи лэжьыгъэм упэрыхьэну сыту фIыIуэ.

Фэтэру зыщIэтIысхьа Лиуанрэ Дыщэнэрэ «унагъуэфIщ» жыхуаIэм хуэдэт. Зэщхьэгъусэхэр СэIимэт къыхущIэкIат гуапэу, гумащIэу. Унэгуащэм дэбгъуэн щыIэтэкъым: и уни, и пщIантIи, и хади зыхуей хуэзауэ зэрихьэрт. И унэ кIуэцIыр чэщей щыкъут, къабзэрэ къабзэу. Абыхэм я деж щыхьэщIа дэтхэнэ зыми, я гъунэгъухэми къыбжаIэфынут Лиуанрэ Дыщэнэрэ зыхуэдэ унагъуэр. А бзылъхугъэм игъэжьа лэкъумымрэ хиха кхъуеймрэ зышхам, и ерыскъы берычэтыр зылъэгъуам ягъэщIагъуэрт Дыщэнэ зэрыжумартыр.

СэIимэт езэшауэ лэжьакIуэ къикIыжа нэужь, Дыщэнэ къебзэрабзэурэ IэфIу игъашхэрт. Ауэрэ зэрешари щыгъупщэжырт. Мо сабий зыщIэмыс унагъуэм щIэщыгъуэу къахыхьа СэIимэт къыщыгуфIыкIырт. И закъуэ щыхъур урокхэм защыхуигъэхьэзырым, тетрадхэр къыщипщытэм и дежт. Ар щхьэхуэу ягъэпщафIэртэкъым: яшхыр ядишхырт, ящIэр ядищIэрт. СэIимэт IэкIуэлъакIуэ цIыкIуу къыщIэкIат.

Ауэрэ Дыщэнэ гу лъитащ мо хъыджэбз зэкIужыр и щхьэгъусэ Лиуан игу зэрырихьым. СэIимэти гу лъимытапIэ иIэтэкъым Лиуан и къыхущытыкIэ хъуам. Зыкъом щIауэ зэдэпсэуми, бын зимыIэ Дыщэнэ тIысри хэгупсысыхьащ: «Илъэс дапщэ хъуауэ сэ сыщIэхъуэпсрэ иджыри къэс симыIа сабийм. Си щхьэгъусэращи, сигу пыкIыркъым. Сэ игъащIэкIэ бын симыIэнумэ, Лиуан сыт и лажьэ? Езы Лиуан сепсэлъэнщ», - жиIэри.

Зы махуэ гуэрым, езы тIум я закъуэ фIэкIа щIэмысу Дыщэнэ кърихьэжьащ:

-- Лиуан, уэ уощIэ сэ бын сызэримыIэнур. СэIимэт епсалъи, къыбдэкIуэмэ къашэ. Сабий фиIэ хъумэ, сывдэIэпыкъунщ, вдэспIынщ.

Лиуан зыри жимыIэу и щхьэгъусэм къеплъащ гупсэхуу, фызым жиIар игъэщIагъуэу. АрщхьэкIэ Дыщэнэ и нэхэм къыжраIэр пэжт. Абы жиIэм быдагъэ зэрыхэлъыр хьэкъыу пхыкIащ.

Лиуаным, дауэ ищIами, СэIимэтыр къытригъэхьащ, щхьэгъусэ зэриIэм хуэдэу дэкIуэну.

СэIимэт хэти ишэнут, и насып къэкIуэгъуэт, и дахэгъуэт. Ауэ сыт ар зищIысыр? Мопхуэдиз гугъапIэ щэхухэр зиIэ пщащэр зи унэ щыпсэууэ, зи ерыскъы езыгъэшхам, къыхуэгуэпам, псэкIэ къыбгъэдэт унагъуэм дауэ зэрахыхьэнур? А тIум яку удыхьэ хъурэ? Ауэ псом нэхърэ абы нэхъ хуейр Дыщэнэт. Ар хуейт и щхьэгъусэм бын иIэну, щIэблэ цIыкIухэр къащIэхъуэну.

СэIимэти Лиуан жэуап къритыжащ, къыдэкIуэну арэзыуэ. Ауэ Дыщэнэ, апхуэдиз зи цIыхуфIагъ цIыхубз хейр, дауэ хъуну? Дыщэнэ къажриIащ а тIум зэи зэран къахуэмыхъуну. Ауэ цIыхубзым зэи и щхьэм икIыртэкъым: «Бын зиIэр йолIалIэри, зимыIэр щIолIэ» жыхуиIэ псалъэжьыр.

Лиуани егупсысырт «Хьэ хей умыукIи, фыз хей иумыгъэкIыж» псалъэ пэжым.



Дыщэнэ унагъуэщIэм, унагъуэ насыпыфIэм я гъусэу псэуфын и гугъами, къэхэшащ. ГъащIэм я нэхъ гугъу дыдэм зэрыпэщIэувар, уеблэмэ и лIыр езым и псалъэкIэ тригъэгушхуэу тIуанэ къызэрытращIар хуэшэчын и гугъами, и псэм хутегъэхуакъым: и дыщ кIуэжри, и дэлъху бынхэм яхэтIысхьэжащ.

Лиуанрэ СэIимэтрэ зэдопсэу, я фIэщи мыхъужу. АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу Дыщэнэ къигъэзэжащ. Иджы Дыщэнэ езыр лъэIуэн хуей хъуа мыгъуэщ.

- Лиуан, сыздэкIуэжа си дэлъху бынхэм я дежкIэ сэ сыхамэщ. Уи бжэкъуагъыр нэхъ къэсщтэнущ абы нэхърэ, сэ фэ зэран зэи сыфхуэхъункъым. КхъыIэ, си пэшым сыщIэвгъэсыж.

Сытыт абы жепIэнур?! Лиуанрэ СэIимэтрэ арэзы хъуащ абы жиIамкIэ.

Ауэрэ илъэс хуэдэ дэкIащ, СэIимэт япэ сабийр иIэ хъуащ. Сабийр зыпIри, зыгъашхэри, зыгъэжейри Дыщэнэт. КъехьэлъэкIын дэнэ къэна, ар абы зыкIэ щыгуфIыкIырти, фэзгъэлъэгъуащэрэт! Мы дуней насыпыр езым ейуэ ибжырт. Iагъэбыгъэ цIыкIу щыхъуами, IэплIэрыс щыхъуами, япэ лъэбакъуэр щичами, дуней нэхуу Дыщэнэ иIэр Анзор цIыкIур арат: сабий дыгъэт, Алыхьым къахуигъэфэща фIыгъуэ мылъытэт. Къуэ ныши хуаукIаи, хьэблэри благъэри къраджэри. КIэлъыкIуэри лъэтеуви хуащIаи. Лиуани лъэтэным хуэдэт, къехъулIа насыпым папщIэ... Хьэлэмэтыр и адэм щIалэ цIыкIур апхуэдизкIэ зэрещхьырат. Лиуан и джанэжь къиштэри, сабийм джанэ цIыкIу хуищIыжри иригъэлэжьэжащ Дыщэнэ.

Абы и ужькIэ СэIимэт хъыджэбзищ зэтрилъхуащ, зэкIэлъхьэужьу. Лэжьэн щIидзэжащ СэIимэт. Сабийр псори зыпIыр Дыщэнэщ. И нэм, и псэм хуехь, сабий тхьэIухуд защIэщ.

Зэгуэрым Анзор Дыщэнэ и IэплIэм тесу СэIимэт къыщIыхьэжащ.

- «Мамэ!» - жиIэу и Iэ цIыкIур СэIимэт и деж къыщишийм, СэIимэт къэпсалъэри:

- Мис мамэр, си щIалэ цIыкIу, сэ сы-СэIимэтщ, - жиIащ.

Абы къытенауэ, Дыщэнэ псори «мамэкIэ» еджэ хъуащ. Къэзылъхуам «СэIимэтщ» къызэреджэр.

Лиуан дунейм ехыжащ, бынкIэ игу зэгъауэ. ИгъащIэм зы цIыху къатепсэлъыхьакъым а унагъуэм, фIыкIэ фIэкIа. Псори зэхуэарэзыт. Апхуэдэу щытын хуейуэ фIэкIаи ящIэртэкъым.

Я щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ илъэс тIощI дэкIыжами, Дыщэнэрэ СэIимэтрэ зэдэпсэурт, зэдэпщафIэу, зэдэшхэу, Iуэху зэдащIэу. ЦIыхуфI защIэу зэрихьэлIэжати, арат ахэр зэзышэлIар, я цIыхуфIагъырт гъунэгъу зэхуэзыщIыр.

Апхуэдизу гугъу ехьа Дыщэнэ сыт апхуэдэ гъащIэр нэхъ къыщIыхихар? Щхьэхуэу псэуфынут ар. А псор абы щIищIар Лиуан хуиIа лъагъуныгъэшхуэм и хьэтыркIэщ. Лъагъуныгъэ щIэншэт ар, ух зимыIэт.

Дыщэнэ тIэкIурэ Iэрызехьэу щытыжати, и унагъуэр къигъанэри, хъыджэбз нэхъыжь Клавэ зэрихьэжащ. «Сыт нэхъ пшхын, мамэ? Сыт нэхъ уигу къихьа?» - жиIэу къыщхьэщымыкIыу бгъэдэсащ сымаджэм. Псоми фIыуэ къалъэгъуащ Дыщэнэ. ЦIыху дыдэт ар, цIыху дыщэт.

СэIимэти куэд щIакъым дунейм зэрехыжрэ. Сэ сыдэлэжьащ СэIимэт, акъыл зиIэ егъэджакIуэт, цIэ лъапIэ дыдэ къэралым къыфIищауэ.

Адэжь лъапсэм щопсэу Анзор. Арощ уи адэ и щIапIэ гъэдахи, уи анэ дахэу епсалъэ жыхуиIэри.

● Махуэгъэпс

# ЗэхэщIыкI нэсым и къежьапIэ



**Дыкъэзыухъуреихь дунейм, щIыуэпсым и щытыкIэм теухуа щIэныгъэ цIыхухэм ябгъэдэлъхьэным мыхьэнэ ин зэриIэр къалъытэу, 1992 гъэм Бразилием и щыхьэр Рио-де-Жанейрэ ООН-м щызэхиша къэрал зэхуаку зэхыхьэм мэлыжьыхьым и 15-р Экологие щIэныгъэхэм я махуэу щагъэуващ.**

УЕГУПСЫС зэрыхъунумкIи, ар щIыуэпсым къыщыхъу-къыщыщIэхэр къыдгурыIуэным, абыхэм къарикIуэнкIэ хъунур IупщIу ди нэгу къыщIэувэным телажьэ Iуэхугъуэщ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм щытепсэлъыхькIэ, ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбэм «экологие» фIэщыгъэр къагъэсэбэпын щыщIадзар, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1866 гъэм иужькIэщ. Къызэрырахьэжьэуи, а псалъэмкIэ къагъэнаIуэу яублащ зыхэпсэукI щIыуэпсыр цIыхухэм къазэрыхущытымрэ къэзыухъуреихь Iэгъуэблагъэм зыщрихьэлIэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ езыхэм я декIуэкIыкIэмрэ.

Абы лъандэрэ зэман куэд дэкIами, ЩIы Хъурейр зэрыщыту къэтщтэнщи, щытыкIэр, щекIакIуэ зэпытщ хужумыIэнумэ, зэрыщефIэкIуа щыIэкъым. Ар, дэ дызэрегупсысымкIэ, псом ди дежкIи нэрылъагъущ.

Ауэ щыхъукIи, щIыуэпсым и щытыкIэм нэхъ IупщIу дыхэзыгъэгъуазэ, къыщыхъу-къыщыщIэхэр нэIурыту къыдгурызыгъаIуэ, абыхэм къарикIуэнкIэ хъунум ди гупсысэр хуэзышэ щIэныгъэ цIыхухэм ябгъэдэлъхьэным, яхэпщэным мыхьэнэ ин зэриIэри шэч къызытумыхьэжынщ, псом хуэмыдэжу дызэрыт лъэхъэнэм ар щыхуэтхькIэ.

Экологие щIэныгъэхэм я махуэр ди къэралым гъэлъэпIэн щыщIадзар 1996 гъэм иужькIэщ. А илъэсым щегъэжьауэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, сабий садхэм, тхылъ хъумапIэхэм, щIэныгъэ институтхэм а Iуэхум теухуауэ къыщызэрагъэпэщ хабзэ зэхыхьэхэм, конференцхэм зэхэшакIуэхэр щытопсэлъыхь дыкъэзыухъуреихь дунейр, зэрыщыту къатщтэмэ, щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIауэ зэхэщIыкI нэс диIэн зэрыхуейм дэтхэнэри - сабийхэри, балигъхэри, кхъулыкъущIэхэри, цIыху къызэрыгуэкIхэри дызэрегупсысыпхъэм.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн**.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 17

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**09.55** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «За полчаса до весны» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)
**23.45** Подкаст. Лаб. «Антропология» (16+)
**00.25** Подкаст. Лаб. «Пусть не говорят, пусть читают» (16+)
**01.05** Подкаст. Лаб. «Собрались с мыслями» (16+)
**01.45** Подкаст. Лаб. «Космические истории» (16+)
**02.20** Подкаст. Лаб. «Триггеры» (16+)
**03.05** Подкаст. Лаб. «Креативные индустрии» (16+)
**03.45** Подкаст. Лаб. «Неформат» (16+)
**04.20** Подкаст. Лаб. «Письма» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** «Кто против?» Ток-шоу (12+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.20** Т/с «Любовь преодолеет все» (16+)
**23.25** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «Дуэт по праву» (16+)
**03.55** Т/с «Пыльная работа» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «Пляж. Жаркий сезон» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Смерч» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Невский. Расплата за справедливость» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «Метод Михайлова» (16+)
**00.35** Т/с «УГРО» (16+)
**03.50** Т/с «Агентство скрытых камер» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.00** Х/ф «Пирожки с картошкой» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «Неподдающиеся» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**13.20, 15.05, 03.25** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.20** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «Освобождая Родину. Битва за Север. Провал «Серебристой лисы» Д/с (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым» Д/с (12+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.25** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)
**03.00** «Москва фронту» Д/с (16+)

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**06.35** «Пешком...»
**07.05** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**07.35** Д/ф «Кто написал Библию? Разгадка одной из величайших тайн истории»
**08.30** «Жизнь и судьба»
**08.50** Х/ф «Сын» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 00.15** XX век
**12.10, 18.00** Цвет времени
**12.45** Новости. Подробно. АРТ
**13.00** Д/ф «Михаил Абрамов. Русское наследие»
**13.50** Х/ф «Сердце не камень» (16+)
**16.05** Линия жизни
**17.15** Д/ф «Гардемарины, вперед!». Невидимые слезы»
**18.10, 01.00** Пианисты XX века
**19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/с «Хранители жизни»
**21.30** «Сати. Нескучная классика...»
**22.15** Т/с «Обитель» (16+)
**23.15** Рэгтайм, или Разорванное время
**23.45** «Магистр игры»
**01.50** Д/ф «Подземные дворцы для вождя и синицы»
**02.30** Д/ф «И оглянулся я на дела мои...»

### МАТЧ!

**06.00** Профилактика на канале с **06.00** до **10.00**
**10.00, 12.55, 14.55, 16.40** Новости
**10.05, 12.35, 00.35** «Специальный репортаж» (12+)
**10.25** Спортивный дайджест (0+)
**11.25** Смешанные единоборства. Т. Фергюсон - Д. Гейтжи. UFC (16+)
**13.00** «Есть тема!» (16+)
**14.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**15.00** География спорта (12+)
**15.30** Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура (0+)
**16.45** «Громко»
**17.55** Плавание. Чемпионат России
**19.00** Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. Кубок Гагарина
**21.45** Футбол. «Фиорентина» - «Аталанта». Чемпионат Италии
**23.45** Все на Матч!
**00.55** Баскетбол. ЦСКА - «Локомотив-Кубань» (Краснодар). Единая лига ВТБ. 1/2 финала (0+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Футбол. «Вольфсбург» - «Байер». Чемпионат Германии (0+)
**05.00** Плавание. Чемпионат России (0+)

## Гъубж, мэлыжьыхьым и 18

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**09.55** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «За полчаса до весны» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)
**23.45** Подкаст. Лаб. «Жизнь замечательных» (16+)
**00.25** Подкаст. Лаб. «Легкие деньги» (16+)
**01.05** Подкаст. Лаб. «Песняры» моей жизни» (16+)
**01.45** Подкаст. Лаб. «Психика» (16+)
**02.20** Подкаст. Лаб. «20 лет спустя» (16+)
**03.05** Подкаст. Лаб. «Все хотят летать» (16+)
**03.45** Подкаст. Лаб. «Обязательно к прочтению» (16+)
**04.20** Подкаст. Лаб. «Антропология» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** «Кто против?» Ток-шоу (12+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.20** Т/с «Любовь преодолеет все» (16+)
**23.25** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «Дуэт по праву» (16+)
**03.55** Т/с «Пыльная работа» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «Пляж. Жаркий сезон» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Смерч» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Невский. Расплата за справедливость» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «Метод Михайлова» (16+)
**00.35** Т/с «УГРО» (16+)
**03.50** Т/с «Агентство скрытых камер» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05, 13.20, 15.05, 03.30** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «За витриной универмага» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.20** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «Освобождая Родину. Битва за Север. Провал «Серебристой лисы» Д/с (16+)
**19.40** «Улика из прошлого» (16+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.25** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**06.35** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35** Д/ф «Математика и подъем цивилизации»
**08.30** «Жизнь и судьба»
**08.50** Х/ф «Сын» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 23.40** XX век
**12.15, 01.45** Цвет времени
**12.45** Новости. Подробно. Книги
**13.00, 19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**13.30** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.10** Д/ф «Кто написал Библию? Разгадка одной из величайших тайн истории»
**15.05** «Сати. Нескучная классика...»
**15.50** Д/ф «Подземные дворцы для вождя и синицы»
**16.30, 23.15** Рэгтайм, или Разорванное время
**17.15** Д/с «Передвижники»
**17.40** Д/с «Забытое ремесло»
**18.00, 00.45** Пианисты XX века
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Искусственный отбор
**21.30** «Белая студия»
**22.15** Т/с «Обитель» (16+)

### МАТЧ!

**06.00, 14.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** География спорта (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 14.55** Новости
**07.05, 15.30, 21.25, 00.00** Все на Матч!
**10.05, 12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**10.25** Еврофутбол. Обзор (0+)
**11.25** Бокс. Дж. Риггз - М. Гиллард. Bare Knuckle FC (16+)
**13.00** «Есть тема!» (16+)
**15.00** «Ты в бане!» (12+)
**16.00** Профессиональный бокс. М. Петровский - В. Вишев
**17.55** Плавание. Чемпионат России. Прямая трансляция из Казани
**19.25** Баскетбол. УНИКС (Казань) - «Зенит» (Санкт-Петербург). Единая лига ВТБ. 1/2 финала
**21.40** Футбол. «Челси» (Англия) - «Реал» (Мадрид, Испания). Лига чемпионов. 1/4 финала
**00.55** Футбол. «Наполи» (Италия) - «Милан» (Италия). Лига чемпионов. 1/4 финала (0+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. 1/2 финала (0+)

## Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 19

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**09.55** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «За полчаса до весны» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)
**23.45** Подкаст. Лаб. «Психика» (16+)
**00.25** Подкаст. Лаб. «Креативные индустрии» (16+)
**01.05** Подкаст. Лаб. «Пусть не говорят, пусть читают» (16+)
**01.45** Подкаст. Лаб. «Неформат» (16+)
**02.20** Подкаст. Лаб. «Мелодии моей жизни» (16+)
**03.05** Подкаст. Лаб. «Произвольная программа» (16+)
**03.45** Подкаст. Лаб. «Письма» (16+)
**04.20** Подкаст. Лаб. «Легкие деньги» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** «Кто против?» Ток-шоу (12+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.20** Т/с «Дорога к счастью» (16+)
**23.25** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.05** Т/с «Дуэт по праву» (16+)
**03.55** Т/с «Пыльная работа» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «Пляж. Жаркий сезон» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Смерч» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Невский. Расплата за справедливость» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «Метод Михайлова» (16+)
**00.35** Т/с «УГРО» (16+)
**03.50** Т/с «Агентство скрытых камер» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «Ссора в Лукашах» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**13.20, 15.05, 03.30** Т/с «Смерть шпионам. Крым» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.20** «Специальный репортаж» (16+)
**18.40** Д/ф «ГУКР «СМЕРШ». 80 лет» (12+)
**19.40** «Секретные материалы» Д/с (16+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.25** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)

### РОССИЯ К

**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 23.40** XX век
**12.45** Новости. Подробно. Кино
**13.00, 19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**13.30** Искусственный отбор
**14.10** Д/ф «Математика и подъем цивилизации»
**15.05** «Белая студия»
**15.50** Д/ф «Путешествие из Дома на набережной»
**16.30, 23.15** Рэгтайм, или Разорванное время
**17.15** «Библейский сюжет»
**17.45** Д/с «Забытое ремесло»
**18.00, 00.50** Пианисты XX века
**19.45** Главная роль
**20.05** «Правила жизни»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Абсолютный слух
**21.30** Власть факта
**22.15** Т/с «Обитель» (16+)
**01.45** Д/ф «Человек эры Кольца. Иван Ефремов»
**02.25** Д/ф «Роман в камне»

### МАТЧ!

**06.00** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Ты в бане!» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 14.55** Новости
**07.05, 15.30, 21.00, 00.00** Все на Матч!
**10.05, 12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**10.25** Футбол. Лига чемпионов. Обзор (0+)
**11.25** Смешанные единоборства. UFC. Сергей Павлович. Лучшее (16+)
**12.10** Смешанные единоборства. UFC. Кертис Блэйдс. Лучшее (16+)
**13.00** «Есть тема!» (16+)
**14.25** «Вид сверху» (12+)
**15.00** Что по спорту? (12+)
**16.00** Футбол. «Акрон» (Тольятти) - «Спартак» (Москва). FONBET Кубок России
**18.30** Футбол. ЦСКА - «Урал» (Екатеринбург). FONBET Кубок России
**21.40** Футбол. «Бавария» (Германия) - «Манчестер Сити» (Англия). Лига чемпионов. 1/4 финала
**00.55** Футбол. «Интер» (Италия) - «Бенфика» (Португалия). Лига чемпионов. 1/4 финала (0+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Женщины. 1/2 финала (0+)

## Махуэку, мэлыжьыхьым и 20

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «АнтиФейк» (16+)
**09.55** «Жить здорово!» (16+)
**10.45, 12.15, 15.15, 16.50, 18.20** Информационный канал (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Куклы наследника Тутти» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Т/с «За полчаса до весны» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** Подкаст. Лаб. «Космические истории» (16+)
**00.40** Подкаст. Лаб. «Собрались с мыслями» (16+)
**01.25** Подкаст. Лаб. «Песняры» моей жизни» (16+)
**02.05** Подкаст. Лаб. «Жизнь замечательных» (16+)
**03.05** Подкаст. Лаб. «Легкие деньги» (16+)
**03.45** Подкаст. Лаб. «Кот Шредингера» (16+)
**04.20** Подкаст. Лаб. «Все хотят летать» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 16.00, 20.00** Вести
**11.30, 17.30** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** «Кто против?» Ток-шоу (12+)
**16.30** «Малахов» (16+)
**21.20** Т/с «Дорога к счастью» (16+)
**23.25** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.00** 45-й Московский Международный кинофестиваль. Торжественное открытие
**03.10** Х/ф «Отец» (16+)

### НТВ

**04.50** Т/с «Пляж. Жаркий сезон» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**08.25, 10.35** Т/с «Морские дьяволы. Смерч» (16+)
**13.30** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Невский. Расплата за справедливость» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «Метод Михайлова» (16+)
**00.50** «Поздняков» (16+)
**01.00** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**01.50** Т/с «УГРО» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05, 13.20, 15.05, 03.10** Т/с «Смерть шпионам. Крым» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 20.30** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «Два капитана» (16+)
**11.20, 21.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.20** «Специальный репортаж» (16+)
**18.55** «Битва оружейников» Д/с (16+)
**19.40** «Код доступа» (12+)
**22.55** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.25** Т/с «Семнадцать мгновений весны» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**06.35** «Пешком...»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35, 14.10** Д/ф «Математика и подъем цивилизации»
**08.20** Д/с «Дороги старых мастеров»
**08.30** «Жизнь и судьба»
**08.50** Х/ф «Иркутская история» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 23.40** XX век
**12.45** Новости. Подробно. Театр
**13.00, 19.00** Д/с «Почерк эпохи» с Кириллом Кяро»
**13.30** Абсолютный слух
**15.00** «2 Верник 2»
**15.50, 02.05** Д/ф «Твербуль, или Пушкинская верста»
**16.30, 23.15** Рэгтайм, или Разорванное время
**17.15** Д/с «Пряничный домик»
**17.45, 00.55** Пианисты XX века
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Сталкер». Кого же мне водить туда?»
**21.30** «Энигма»
**22.15** Т/с «Обитель» (16+)
**02.45** Цвет времени

### МАТЧ!

**06.00, 14.25** «Лучшие из лучших» (12+)
**06.30** «Вид сверху» (12+)
**07.00, 10.00, 12.55, 14.55, 16.50** Новости
**07.05, 15.30, 00.00** Все на Матч!
**10.05, 12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**10.25, 16.55** Футбол. Лига чемпионов. Обзор (0+)
**11.25** Самбо. Чемпионат Европы (0+)
**13.00** «Есть тема!» (16+)
**15.00** «Большой хоккей» (12+)
**17.55** Плавание. Чемпионат России. Прямая трансляция из Казани
**19.40** Футбол. АЗ (Нидерланды) - «Андерлехт» (Бельгия). Лига конференций. 1/4 финала
**21.45** Футбол. «Севилья» (Испания) - «Манчестер Юнайтед» (Англия). Лига Европы. 1/4 финала. Прямая трансляция
**00.55** Футбол. «Спортинг» (Португалия) - «Ювентус» (Италия). Лига Европы. 1/4 финала (0+)
**02.55** Новости (0+)
**03.00** Баскетбол. PARI Чемпионат России - Премьер-лига. Женщины. Финал (0+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, мэлыжьыхьым и 17**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00 - 24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, мэлыжьыхьым и 18**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «ЛъэпкъIуцыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «ЛъэпкъIуцыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, мэлыжьыхьым и 19**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЩIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (16+) (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (16+)
**17.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, мэлыжьыхьым и 20**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, мэлыжьыхьым и 21**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

*«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00*
*«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00*

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, мэлыжьыхьым и 22**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Уауз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Иш къулагъында» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Иш къулагъында» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мэлыжьыхьым и 23**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00*
*«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00*

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

**БЕЙ Жансурэт**

# Узыпэмылъэщ къару

*(Iуэтэж)*

Гъэмахуэ пщэдджыжьщ. Дунейр бзыгъэ дыдэу нэху къекIащ, махуэр уэфI зэрыхъунум и нэщэнэу. Нэхущ бзухэм я бзэрабзэ макъым дэуша Лалинэ куэдрэ зимыIэжьэу къызэфIэуващ. Абы фIэфIтэкъым куэдрэ пIэм зыщигъэфIэну. Пщащэм и гукъэкIыжхэм сыт щыгъуи хэтщ, зи куэщI исү къэхъуа анэшхуэм и псалъэ Iущхэр: «Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ, си тIасэ, тэдж, зыхыумыгъэкIыж!». ПIэ хуабэр зигу пымыкI хъыджэбз цIыкIур шхыIэн кIапэм къыщIэплъырти, мыарэзыныгъэ хэлъу, анэшхуэм пидзыжырт:

- Шэджагъуэм ирихьэлIэу ягуэш хъунутэкъэ насыпыр? Нэмэзым хэт абы хуейр?

- Ана-а, хъуну а жыпIэр, си дахэ? МахуэщIэм цIыхущIэ къегъэщI, IуэхущIэхэм пэроувэ, фIы зи мурадым къохъулIэ, - щIэгуфIыкIырт анэшхуэр. Аращ тIэ, зэи ущызимыгъэуэн нэхъыжь къыпщхьэщытыныр куэд и уасэщ, абыхэм къыпхалъхьар къэмыуэжын быдапIэщ, напэ къабзэм и къарущ.

Унэм къыщIэкIа Лалинэ хэбэкъуащ дахагъэ щытепщэ дунейм. Нэхугъэ, къабзагъэ, щхъуантIагъэ... ГъащIэр тыншу екIуэкIыу, псори къызэрыгуэкIыу къыфIэщIу хъыджэбзыр пщIантIэкум итщ. «Зэман дыщэ, зэман дахэ, зэтеувыIэ, умыпIащIэ!» - мэIущащэ пщащэр. Акъужь къыкъуэуар дэхащIэу и нэкIум щыщIэпщэкIэ, хъыджэбзым и гупсысэр щхьэщокIуэт, епIэщIэкIыу пщIантIэм къыдокIри я гъунэгъуу щыт жыг хадэшхуэмкIэ еунэтI. Пщэдджыжь къэс, зэрихабзэу, абдежым и Iэпкълъэпкъым зыщрегъэукъуэдий, къыщекIухь, къыщежыхь. Дохутыр IэщIагъэм хуеджэ пщащэм къыгуроIуэ щхьэхынагъэр узыншагъэм зэрибийр. Iэпкълъэпкъым зэ сэкъат игъуэта нэужьым, жэщхэм къэтэджыжурэ къыкIэлъыжыхь - узыншагъэ пIэщIэкIам укIэлъысынукъым.

КIуэ пэтми хадэм къихьэ цIыхухэм я бжыгъэр хохъуэ. Хэт хьэуа къабзэкIэ мэбауэ, хэти къэзыухъуреихь дахагъэр нэхъуеиншэу и псэм зыхрегъащIэ. Ауэрэ дыгъэр къыдокIуэтей, и бзий лъэдий кIыхьхэр нэжэгужэу жыг тхьэмпэхэм ходжэгухь. Удз гъэгъа зэхуэмыдэхэм я мэ IэфIхэм и гур ягъэпхъэр, псэр ягъэпIейтей... Ари цIыху насыпым и зы Iыхьэщ...

ЕджапIэ нэхъыщхьэм щеджэ пщащэм и зыгъэпсэхугъуэ зэманыр зэшыгъуэ щыхъуркъым: ищIэн, зэлIэлIэн егъуэт. Ар хабзэ зехьэныр псэуныгъэм ищхьэу къэзылъытэ унагъуэ къыхэкIащ. Фаризэтрэ Дэнялрэ япхъу закъуэм гъэсэныгъэ дахэ ирагъэгъуэтат. И хьэл-щэным хуэфэщэну, Лалинэ дахагъэкIи Тхьэр къыхуэупсат. Пщащэр бгы псыгъуэщ, щхьэпэлъагэщ. И напэху дахэм вагъуэу къилыдыкI нэ пIащитIыр гуапагъэкIэ гъэнщIащ. И нэкIум щIэт Iэдэбыгъэм ар нэхъри егъэдахэ.Iуэху щIэн жыпIакъэ - и пкъым жыджэрагъыр къыщIоувэ,IэкIуэлъакIуэу мэIэбэ. «Апхуэдэ жылэм дэскъым» зыхужаIэщ. Куэдым я плъапIэ пщащэм пагагъэр зригъэбэкIыркъым, ауэ зыщIрегъэх, екIи фIыкIи зыри къимыгъэгугъэу. Езыр гухэлъ зыхуищIа щIалэм псэкIэ щIыгъущ, абы хуиIэ лъагъуныгъэ быдэм нэгъуэщIым хуримыгъэплъэкIыу.

Темыррэ Лалинэрэ институтым зэгъусэу щIэсащ, зыхуеджэ IэщIагъэр зырызми. ЕджапIэм къыщызэрагъэпэща къэфакIуэ гупым зэдыхэтащ. Абы щыгъуэщ ахэр щызэрыцIыхуар. ЩIалэ пкъыфIэр, уардэ хъужауэ, псоми къахэщырт и акъылрэ гупсысэкIэкIэ. ЩызекIуэкIэ, хикъузэурэ бакъуэрт, игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъым гу лъыуигъатэу. Темыр еджапIэ нэхъыщхьэр къызэриухыу, дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. ЩыдэкIыну махуэм, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ псалъэ быдэ зэратащ зэхуэпэжыну, я гъащIэр зэгъусэу яухуэну.

Ауэрэ зэманыр макIуэ, зы гъэм адрейр кIэлъыпIащIэу. Лалинэ институтыр къызэриухрэ илъэсым щIигъуащ. И лэжьыгъэм зэрыпэрыувэрэ куэд мыщIами, дохутыр нэхъыфIхэм хабжэу мэлажьэ. «Гум и дохутыр» зыфIаща пщащэм махуэм и кIуэцIкIэ цIыху дапщэм я узыр ящхьэщихрэ, я гукъыдэжыр къахуиIэтыжрэ! Зигъэпсэхуну зэман кIэщI тIэкIу къыщыхудэхуэм деж, и гупсысэр Темыр хуеунэтI.

Иужь зэманым ахэр зэрызэпсалъэр нэхъ мащIэ хъуащ. «Сэ сыхущIыхьэркъым, езым и макъ нэхъыбэрэ щхьэ зэхызимыгъэхрэ? ДызэпызыщIэ гурыщIэр мыужьыхыжу пIэрэ?» - и нэхэр хоплъызэ хъыджэбзым. Лалинэ егупсысыркъым къулыкъу езыхьэкI щIалэм хущIыхьэгъуэ имыгъуэтынкIэ зэрыхъунум. Абы хэту, бжэм зыгуэр къытеуIуащ, дамэдазэ ищIри, хэтми зригъэлъэгъуащ. Ар къыдэлажьэ Лиуант. КъыщIыхьэмэ, зэрыфIэфIыр къригъащIэу, Лалинэ пыгуфIыкIащ. Удз гъэгъа Iэрамэ зыIыгъыу къыщIыхьа щIалэр хъыджэбзым къыхуэнэшхуэгушхуэт, иужь зэманым пщащэм и пэшым нэхъ къыщIыхьэрей хъуат.

- Нобэ дохутырхэм я махуэщ, сынохъуэхъу, Лалинэ! - жери удз гъэгъа Iэрамэр къыхуишиящ.

Лалинэ гуапэ щыхъуащ щIалэм иIэ гукъэкIыр

- Сыщымыуэмэ, уэри удохутырщ, нобэрей махуэшхуэр зейм уэри уахэтщ, - догушыIэ хъыджэбзыр.

ГъащIэр гъащIэщ, натIэм кърихам пхухэлъхьэни пхухэхыни щыIэкъым. Лиуанрэ Лалинэрэ я хьэгъуэлIыгъуэр зэрыдахрэ илъэсым нэблэгъауэ, Темыр къигъэзэжащ. ФIыуэ илъагъу хъыджэбзыр къемыжьэу зэрыдэкIуам ар щыгъуазэтэкъым - зыми игу хутегъэхуакъым къригъэщIэн. ЩIалэр хуэпIащIэрт и пщащэм Iуплъэну, и гум щыхъэр кърагъэщIэну. Арщхьэк1э и шыпхъум къыхуиIуэта пэж гуауэм дунейр зэуэ къытригъэункIыфIащ. ЛIыгъэщIапIэ мызэ-мытIэу ихуа щIалэ Iэчлъэчым фIэкIуэда гурыфIыгъуэм зэрыпэщIэтын къару къыхуэгъуэтыркъым. «СыткIэ секъуэншэкIа?.. Дауэ хузэфIэкIа сигъэпэжыну ита псалъэр зэпигъэлъэлъу хьэуам хипхъэжын? Арат и быдагъыр дызэпызыщIэ гурыщIэм?» - Темыр гупсысэм ихьырт.

ЩIалэм мурад ещI, Лалинэ зыIуигъащIэу, а упщIэ дыдэхэр иритыну. Абы кърикIуэнкIэрэ хъунум емыгупсысу, зэрыхуэзэн Iэмал къилъыхъуэу щIедзэ. И акъылыр нэху къохъури, игу къокIыж, и анэмрэ и шыпхъумрэ тыгъэ яхуищIын хьэпшып къащыхуищэхум, и пщащэри Iыхьэншэ зэримыщIар. ЩIалэм и нэгум нэжэгужагъэ къыщIоувэ...

Абы фIэкIа хэмылъу, Темыр зегъэхьэзырри цIыхубзым зыхуигъэзэну гъуэгу тоувэ. ФIыуэ илъагъум жриIэну псалъэхэр зэригъэзахуэурэ здэкIуэнум нэсащ. Iэуэлъауэу пщIантIэм дэт Лалинэ куэбжэпэм къыIухьаIауэ щилъагъум, къыдэбэкъукIащ. ЩIалэм зэрыIуплъэу, бзылъхугъэр къэскIащ, джэрэзащ... Адэ жыжьэу гущIэм и лъащIэм щигъэпщкIуауэ и гугъэж гурыщIэр къызэщIэхъеящи, къыфIыдокIуей. ПIейтеиныгъэм зэщIикъуза и гур лъэщу къоуэ. Къоуэ, зыкърегъащIэу, леймыгъэгъуу. Темыр зэпIэзэрытщ, ауэ и нитIым къыщIих хъуаскIэм цIыхубзыр елыпщI.

- ЗыкIи зыпхъуэжакъым, укъызэрызгъэнащ. Хьэуэ, пэжкъым, нэхъ гуакIуэ ухъуащ... Мыхэр укъызэрызгъэгугъауэ щыта хьэпшыпхэращ. СIых, мы зэм си хьэтыр къэлъагъуи, - мэлъаIуэ щIалэр.

Лалинэ и гур къиутIыпщыж хуэдэу щыхъум, щIалэм и нэгум иплъэри хэкъузауэ жиIащ:

- ГъащIэ гъуэгум уэрэ сэрэ зэрымыщIэкIэ дыщызэблэкIащ, ар тIуми ди зэхуэдэ насыпыншагъэщ. Ауэ, си гъащIэр зи Iэмыщ1э ислъхьа цIыхухъум сыпсэуху сыхуэпэжынущ. СынолъэIу афIэкIа къытумыгъэзэну, си дежкIэ зэи укъемыплъэкIыну. Тыгъэр къыпIызох, си щхьэгъусэм сыкъыгурыIуэнщ. НасыпыфIэ дыдэ ухъуауэ уи хъыбар Тхьэм зэхызигъэх! - жиIэри пщIантIэм дыхьэжащ.

Темыр тэлайкIэ хэгупсысыхьауэу щытащ, иужьым Iуигъэзыкiыжри, Лалинэрэ абырэ я зэхуэзапIэу щыта жыг хадэмкIэ иунэтIащ. А махуэм и гукъэкIыж IэфIхэмкIэ и гъащIэ блэкIам сэлам ирихыжри, игури нэхъ псэхужауэ, и унэ ихьэжащ.

Абы и ужькIэ куэд дэмыкIыу, и Iыхьлыхэр зэхыхьэри Темыр фыз кърагъэшащ. Щхьэгъусэ хуэхъуар щытхъу зиIэ цIыхубзт, и теплъэкIи пыплъхьэн щымыIэу. ХьэгъуэлIыгъуэр зэрыдахыу, щIалэр зыхэта дзэм, зэман кIыхькIэ къулыкъу щищIэну гурыIуэныгъэ ярищIылIэри, игъэзэжащ, и щхьэгъусэри щIыгъуу.

Илъэс зыбжанэ дэкIыжа пэтми, Лалинэ и япэ лъагъуныгъэр и гум хуигъэхуртэкъым, ауэ и щхьэгъусэм хуэпэжу, зэгурыIуэу я гъащIэр зэдахьырт.

Зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхубз гумызагъэр драгъэкIуэтеяуэ, иджы къалэ сымаджэщым дохутыр нэхъыщхьэу щолажьэ. Зы пщэдджыжь гуэрым и лэжьыгъэм пэрыува къудейуэ, хъыбар кърагъэщIащ сымаджэ хьэлъэ къызэрашамкIэ. ЕпIэщIэкIыу сымаджэм щыбгъэдыхьэм, къэуIэбжьащ: илъагъур Темырт. И узыр къызэрихутэу, Iуэхур зэрышынагъуэр къыгурыIуащ - адрей гъащIэм лъэбакъуэ хичат. Нэгъуэщ1ым дзыхь хуимыщIу, езым Iэзагъыу бгъэдэлъ псори зэуIу ещIри, Темыр и узыфэм пэщIегъэувэ. ЕтIуанэ махуэм сымаджэр нэхъыфI къохъужри, и нэхэр хьэлъэ-хьэлъэу къызэтрех. ПщIыхьэпIэ хуэдэт илъагъур... И фIэщ мыхъуу аргуэру къыдоплъей. Аращ, ара дыдэщ къыщхьэщытыр, Линэ дахэщ...

Дохутырхэм зэрамыгугъауэ, сымаджэм щIэх дыдэ зыкъиужьыжащ, зи пкъым лъагъуныгъэр щыз цIыхур кIуэдыгъуафIэ зэрымыхъунум и щыхьэту. Хъужауэ щыщIэкIыжым, Лалинэ и пэшым щIыхьэри фIыщIэ хуищIащ, и гъащIэми кIэщIу щигъэгъуэзащ.

- Щхьэгъуси бынитIи сиIэщ. Сызыхуэныкъуэ щымыIэу сопсэу. Ауэ, уэ усщIымыгъуу къэзгъэщIар гъащIэм хэзбжэркъым. Хьэуэ, сэ зыри уи деж къыщыслъыхъуэркъым, зыгуэркIи узгъэкъуаншэркъым... Уи натIэм илъым сыт пхуещIэн! - нэщхъейуэ пыгуфIыкIащ цIыхухъур.

Аращ-тIэ, инщ лъагъуныгъэм и къарур, пэлъэщыгъуейщ...

### Тхыгъэр зейм теухуауэ

*Бей Жансурэт Хьуд и пхъум 1991 гъэ лъандэрэ Дзэлыкъуэкъуажэ езанэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ щрегъаджэ. И лэжьыгъэм хуэIэижьщ, щIэблэр фIым хуеущий, гъуэгу захуэ трегъэувэ. Ар езыр Къармэхьэблэ къуажэм къыщыхъуащ. КъызыхэкIар егъэджакIуэ унагъуэщ: и адэр илъэс 47-кIэ пэрытащ а IэнатIэм. Аращ адыгэбзэр Жансурэт и псэм хуэдэу езыгъэлъэгъуар, щапхъэ хуэхъуар. Бей Жансурэт адыгэбзэм хуэшэрыуэщ, тхэнми дехьэх. Нобэ къытеддзэ абы и Iуэтэжым и лъабжьэщ гъащIэм къыщыхъуа Iуэхугъуэ.*



# Лъэпкъ IэщIагъэхэр къэзыIэтыжхэр

**Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыху IэпщIэлъапщIэм пщIэ лей хуащIу къокIуэкI. Апхуэдэхэм лъэщапIэ щхьэхуэхэр къуажэм щаIэрэ ар цIыху кIуапIэу, уэршэрыпIэу щытащ. Уеблэмэ я бынхэр ирагъэгъэсэну цIыху IэпэIэсэхэм иратырт. Зэманым зыужьыныгъэ ин игъуэту техникэ лъагэхэм хуэкIуами, Iэм къыпыкIам и пщIэр ехуэхакъым.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ ди къэралым щагъэлъэпIащ цIыху IэпщIэлъапщIэм и махуэр. 2000 гъэм ягъэува а махуэм и мыхьэнэр инщ, укъызыхэкIа лъэпкъым и щэнхабзэр, тхыдэр, IэщIагъэхэр хъумэным, егъэфIэкIуэным къыгуэхыпIэ имыIэу епхащи.

ЦIыхубэ художественнэ IэрыкIхэмрэ IэщIагъэхэмрэ я республикэ IуэхущIапIэм и унафэщI **Урыс Аслъэн** щыхьэт тохъуэ лъэпкъ IэщIагъэхэм я пщIэр сыт зэмани лъагэу зэрыщытам.

- Совет зэманым щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр туристхэм я зекIуапIэу, зыгъэпсэхупIэу щытащ. Зэрыхабзэщи, цIыхухэм зыщагъэпсэху щIыпIэм и фэеплъ гуэр ямыхьу кIуэжыркъым. Бжьэ, къамэ, фалъэ, пкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэрат нэхъ ящэхур. IэкIэ щIа дэтхэнэ хьэпшыпми ар зыщIам и псэ хуабагъэм щыщ хелъхьэ, арагъэнщ ущIыдихьэхыр...

Щэнхабзэм а и зы Iыхьэм къызэрымыкIуэу къалэнышхуэ егъэзащIэ. Пасэм щыIа IэпэIэсэхэм я IэрыкI хьэпшыпхэмкIэ цIыху зэхэщIыкIым, лъэпкъым зэрызиужьар, тхыдэр яхуоджыж. Лъэпкъ къэс лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ къыдекIуэкI хьэпшыпхэр иIэщ. Апхуэдэу адыгэм диIэхэм ящыщщ Iэнэ лъакъуищыр, дуней псом адыгэр къыщезыгъэцIыхуа адыгэ фащэр. А хьэпшыпхэр лъэпкъым зэрейр пщIэжым и мызакъуэу, ар пхъумэн, дунейпсо тхыдэм къызэрыхэбнэным ухущIэкъун хуейщ. Пасэрей хьэпшыпхэм я къежьапIэр зыгъэбелджылыжу зытххэм ящыщщ Урыс Аслъэн. Ар зи унафэщI IуэхущIапIэм лъэпкъ IэщIагъэхэр щахъумэм и мызакъуэу, тIэщIэхуахэр къэгъэщIэрэщIэжыным къызэрымыкIуэу щолIалIэ.

ЦIыхубэ художественнэ IэрыкIхэмрэ IэщIагъэхэмрэ я республикэ IуэхущIапIэр къызэрызэIуахрэ (2001 гъэ) а Iуэхум толажьэ. Абы Урысыр унафэщIу зэрытрагъэувэрэ и IэщIагъэлIхэм я бжыгъэм хэхъуам и мызакъуэу, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэм цIыху куэд хурагъэсащ. Абыхэм ящIа хьэпшыпхэр цIыхухэм яфIэфIу къагъэсэбэп.

IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшыпхэр, фэилъхьэгъуэхэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр зэращI щIыкIэхэр зэпкърыхауэ къыщыхьа тхылъ, буклетхэр къыдагъэкIащ. А лэжьыгъэшхуэри лъэпкъ Iэужьым и хъумакIуэ нэсу къэплъытэ хъунущ.

Iуэхум телажьэр дауи, зы цIыхукъым. Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, нэхъ пасэм КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ кафедрэ иIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ IэщIагъэхэр къызэраIэтыжар аращ зи фIыгъэр. КъищынэмыщIауэ, мы IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я нэхъыбэм аращ зыщагъэсар.

- ЩIэныгъэлI, IуэрыIуатэдж, профессор КIыщ Азрэталий дыщэидэ пасэрей IэщIагъэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ ищIащ, - жеIэ Урысым. - Абы а IэщIагъэм хуигъэсащ зэшыпхъухэу Дэджыр Маринеттэрэ Шэт Джульеттэрэ. Абыхэм ди республикэм IэпщIэлъапщIэу исыр ягъэсэжауэ къэплъытэ хъунущ.

IуэхущIапIэм лъэпкъ IэщIагъэу 10-м нэблагъэкIэ щолъащэ. Iыхьэшхуэ еубыд пхъэм елэжьыным, пхъэ ибзэным, унэлъащIэу къагъэсэбэп хьэпшып щIыным.

Шэч хэмылъу, гулъытэшхуэ хуащI лъэпкъ фащэхэр, вакъэхэр дыным. Центрым щылажьэхэм я IэдакъэщIэкIхэм къэфакIуэ ансамблхэм я деж щIэупщIэ ин щиIэщ. ВакъащIэ IэщIагъэр пасэрейхэм ящыщщ, Урыс Аслъэн и мурадщ а Iуэхури ди щIыналъэм щызэтриублэжыну.

Сэ, къамэ, джатэ хуэдэхэр цIыхухэм дапщэщи ящэху, зэхуахьэс зэпытщ. 100 - 200-м нэблагъэ зиIэхэр щыIэщ. Абы къыхэкIыу, а унэтIыныгъэм зэпымыууэ зеужь. Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым мы Iуэхум щIалэгъуалэр къызэрыхыхьэр. КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ и факультетымрэ Промышленность псынщIэмкIэ колледжымрэ къыщIигъэкIхэр зэпеуэ, фестиваль, гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтщ. Центрым абыхэм я лэжьыгъэр зыщэхун къахуегъуэт, ядоIэпыкъу.

Данэ щэкI псыгъуэрэ цыкIэ хэзыдыкIхэм центрым пэш щхьэхуэ щыхухахащ. Нэхъыбэу а IэщIагъэм дихьэхыр ныбжь зиIэ бзылъхугъэхэращи, абыхэм яфIэфIу къокIуалIэри зэхэсщ, уэршэрурэ сурэт телъыджэхэр ящI.

Гъэ кIуам и фокIадэ мазэм IуэхущIапIэм къыщызэIуахат ятIагъуэм хьэпшып зэмылIуэжьыгъуэхэр къыщыхащIыкI лъэщапIэ. КъызэрызэIуах махуэрэ цIыхухэр куэду къокIуалIэ.

Урыс Аслъэн жеIэ зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэр щытеуну, я зэфIэкI щеплъыжыну Iэмал зэрыратами зэрыригушхуэр. Апхуэдэхэм яхэтщ мы IуэхущIапIэм къекIуалIэурэ IэщIагъэ зэзыгъэпэщаи.

Къэблагъэ зэманым Урыс Аслъэн и мурадщ я деж дыщэкI IэщIагъэм щыхуагъасэу иригъэжьэну. Абыхэм я гугъэхэм щыщщ IуэхущIапIэр нэхъ ин щIыныр, сабийхэм папщIэ творчествэм и къалэ къызэIухыныр, республикэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм IэщIагъэм и кIыщхэр къыщызэгъэпэщыныр. Ахэр щIохъуэпс туристхэм я зекIуапIэхэм ухуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр щащIыну. Псалъэм папщIэ, лъэпкъ пщIантIэ цIыкIухэр кърашIэкIыу, абыкIэ лъэпкъ щэнхабзэр, щыIэкIэ-псэукIэу яIар ягъэлъэгъуэну.

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыху IэпщIэлъапщIэхэмкIэ бей ди щIыналъэм, мы зэманкIэ лъэщапIэу яIэр къомэщIэкI. IэщIагъэлI 300 къэс лъэщапIэу 10 хуэзэу аращ. Урысым жеIэ ар къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэмыту къызэрыпхузэмыгъэпэщынур, ауэ щыхъукIи, абыхэм халъхьэ мылъкур мыгувэу къалэжьыжынут.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# ЩIэныгъэ нэхум и Iэфlагъыр

● Жыжьэ - гъунэгъу

**Аруан жылэм дэт курыт школым лIэщIыгъуэ блэкIам и 60 - 80 гъэхэм егъэджакIуэу щылэжьа КIэфо Сталинэт къызыхэкIар щIэныгъэм пщIэ щыхуащI унагъуэщ. Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытащ и анэ Мэрали, и анэкъилъхухэри. Къыхэдгъэщынщи, КIэфохэ я унагъуэм илъэси 100-м нэсауэ къахуокIуэ анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI ди газет закъуэр. Абы и нэхъыжьхэри къащIэхъуэ щIэблэри лъэпкъ газетым и щIэджыкIакIуэ къудейкъым, атIэ жыджэру ди деж къатхэхэм ящыщщ. И Iыхьлыхэр жану зыхэта а зэман жыжьэм теухуа и гукъэкIыжхэмкIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэм нобэ къыддогуашэ КIЭФО Сталинэт:**

- ДЭФТЭРХЭМ къызэрыхэщыжымкIэ, 1921 - 1922 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щылажьэрт школ 65-рэ. Абыхэм ящыщащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 20 гъэхэм ди Аруан къуажэм къыщызэIуахауэ щыта япэ еджапIэр. МэкъумэшыщIэхэр хуэпIащIэртэкъым я бынхэр а еджапIэм ягъэкIуэну. Абыхэм къызэралъытэмкIэ, абы сабийхэм щратынур джаур щIэныгъэт, дин къабзэм тезышт. Къэралым щытепщэ хъуа щытыкIэр зыхуэдэр щIэх дыдэу къызыгурыIуа КIэфохэ си адэшхуэанэшхуэ ЖэбрэIилрэ Саупхъанрэ я бынхэу Рэмэзан, Мэрал, Мухьэмэд, Жангулэз, Марьян, Арсен, Владимир сымэ ящыщу зи еджэгъуэ ныбжьыр къэсхэр совет школым ягъэкIуащ, абыхэм есэпыр, геометриер, географием, хьэрыпыбзэр езы дадэ унэм щригъэджыжыфыну апхуэдэ зэфIэкI бгъэдэлъ пэтми.

Ди щIыналъэм лэжьэн щыщIэзыдза япэ совет школхэм ящыщу ди Аруан жылэм дэтыр етIуанэт (япэр Налшык къыщызэIуахат). Зи бын школым зымыгъакIуэ унагъуэхэм зэрыхъукIэ ядэлажьэрт къуажэ унафэщIхэр, лей щызэрахьи къэхъуу. Сытми, гугъуехьыщхуэрэ псалъэмакъ куэдрэ пылъу япэ классым къащтэфауэ щытащ сабий тIощIым нэс. Ахэр иригъэджэну къуажэм къагъэкIуат урыс лъэпкъым къыхэкIа бзылъхугъэ цIыкIу.

IуэхугъуэщIэхэм, жэрдэмыщIэхэм я нэхъыбапIэр жылагъуэм лъэпощхьэпо хэлъу фIэкIа зэрыщыпхамыгъэкIыфыр къапщтэмэ, Аруан къыщызэIуаха школым лэжьыгъэр мыIейуэ щызэтеувауэ жыпIэ хъунут. 1924 гъэм еджапIэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ япэ пионер зэгухьэныгъэр. Абы япэу хыхьахэм ящыщащ си анэ Мэрал (1913 гъэм къалъхуащ). ЕджапIэм апхуэдэ ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэ иIэ хъуным и зэфIэкIыщхуэ ирихьэлIат комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и IэщIагъэлI Журавлёв Константин. 1974 гъэм, ди школым пионер зэгухьэныгъэ зэриIэрэ илъэс 50 щрикъум, Журавлёвым Москва кърихтыкIри, Хъуэхъу тхылъ къытхуигъэхьауэ щытащ. Ди школым и пионер цIыкIухэри пыщIауэ щытащ а цIыху хэкупсэм. Сэри лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва сыщыкIуэ зэзэмызэм абы сыхуэзэрт.

Къэралым щекIуэкI Iуэхугъуэ псори а зэманым зезыгъакIуэу щыта коммунист партым куэд дэмыкIыу унафэ ищIащ цIыхубэ щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдын хуейуэ. «Ликбез»-кIэ зэджэу щыта а Iуэхугъуэм жыджэру хэтащ КIэфохэ я унагъуэм щыщхэр. Сэ сохъумэ 1925 гъэм Тэн Iус Ростов къалэм къыщызэрагъэпэща егъэджакIуэ курсхэм щIэсахэр къызэрыщыж сурэтышхуэ. Абы итщ КIэфохэ я быниблым я нэхъыжь Рэмэзан (ар 1906 гъэм къалъхуащ), жылэм щыщу япэу егъэджакIуэ IэщIагъэ а лъэхъэнэм зэзыгъэгъуэтахэм халъытэр. Нэхъ иужьыIуэкIэ а рабфакым къыщызэIуахауэ щытащ бгырыс бзылъхугъэм папщIэ курсхэр. Абы щеджащ си анэр. Мамэ жиIэжу зэрыщытамкIэ, ахэр езыгъаджэр 1917 гъэм ипэIуэкIэ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэта IэщIагъэлIхэт. «Ди егъэджакIуэхэм бзэхэмрэ есэпымкIэ щIэныгъэ къыдбгъэдалъхьэ къудейтэкъым - абыхэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым дыхуаущийрт, IуэхугъуэщIэхэм къытхутепсэлъыхьырт, - игу къигъэкIыжырт си анэм. - Телевиденэм теухуа псалъэмакъ япэу а курсхэм щызэхэтхауэ щытати, псоми хуабжьу гъэщIэгъуэн къытщыхъуат ар». Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм деж курсантхэр я жылэхэм ягъэкIуэжырти, къуажэдэсхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ ирагъэгъуэтырт.

Апхуэдэу жылагъуэм щIэныгъэм и нэхур хуахьырт си анэми абы и анэкъилъхухэми. Си адэшхуэм унэм щыщ зы пэш хуит яхуищIауэ, къуажэм щыщу еджэкIэрэ тхэкIэрэ зэзыгъэщIэну хуей куэд абы екIуалIэрт. ЩIэныгъэ узэщIакIуэу бэм ядэлажьэрт Рэмэзани, Мухьэмэди, си анэ Мэрали, си анэ шыпхъухэу, ЛУГ-м щеджахэу Жангулэзрэ Марьянрэ. Iуэхум жыджэру хэтт дади. ЩIэныгъэм и лъапIэныгъэр зыщIэ а нэхъыжьыфIым и жэрдэмкIэ и бынхэм зэхуахьэсу щIадзащ библиотекэ икIи тхылъ гъэщIэгъуэн куэд хэлъ хъуат абы. КIэфохэ зэрыунагъуэу щIэм и телъхьэт: адэм хуэдэу, бынхэми малъхъэдису зыщIашэрт гъащIэм къыхыхьэ IуэхугъуэщIэ псори. ЩIэныгъэщIэхэм я къигъэхъуапIэ хъурт школри, тхылъри, газетхэмрэ журналхэмри, кинофильмхэри. ЛУГ-р ехъулIэныгъэкIэ 1935 гъэм къэзыуха Жангулэзрэ Марьянрэ къуажэ школым къагъэзэжат егъэджакIуэу. Абыхэм я гъусэу а илъэсым школым увауэ щытащ Къардэн Къубатий.

Си анэ дэлъху Мухьэмэди пIалъэкIэ лэжьащ егъэджакIуэу. Къуажэм дэта илъэсибл школыр къиуха нэужь, ар мэкъумэш еджапIэм щIэсащ. ИужькIэ школым егъэджакIуэу ирагъэблагъэри, 30 гъэхэм ику пщIондэ абы щылэжьащ, и къуэш Рэмэзанрэ и шыпхъуищымрэ я гъусэу.

КIэфохэ я зэрыбыниблым ящыщу тхур гъащIэмащIэт. И ныбжьыр илъэс 18 хъуа къудейуэ, 1937 гъэм, куэдрэ мысымэджауэ унагъуэм яхэщIащ егъэджакIуэу лэжьэн щIэзыдзагъащIэ Марьян. Гуауэшхуэр хуабжьу зыхащIащ зэрыбыным. Хэт ищIэнт зэман благъэм къриубыдэу абы иджыри апхуэдэ гузэвэгъуэ къыкIэлъыкIуэну?.. ЛУГ-р къиухыу егъэджакIуэным зезыта Жангулэз куэдрэ мылажьэу Москва кIуащ икIи абы медицинэ институтым щыщIэтIысхьащ. Апхуэдэу ищIами, дохутыр IэщIагъэр и псэм дэмыхьэу къилъытэжри, Москва пединститутым Курск къалэм щиIэ къудамэм зригъэдзыжащ, фIыуэ илъэгъуа егъэджакIуэ IэщIагъэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэм адэкIи хигъэхъуэну и мураду. 1938 гъэм унагъуэм хъыбар гуауэ къаIэрыхьащ я хъыджэбз курытыр зэуэзэпсэу дунейм зэрехыжамкIэ. Апхуэдэу, зи дахэгъуэу, псэугъуэу зэкIэлъхьэужьу дунейм ехыжащ гъащIэщIэр ухуэным жыджэру хэту езыгъэжьа пщащэ екIухэу КIэфохэ Жангулэзрэ Марьянрэ.

Къуажэ школым лэжьэн щыщIэзыдза КIэфо Мухьэмэд блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм и кIэухым ирихьэлIэу дзэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэт. Лейтенант нэхъыщIэ КIэфом нэхъапэIуэкIэ къиухат кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Алатырь дэт еджапIэр, иужькIэ штурман IэщIагъэр щызригъэгъуэтат Ивановэ къалэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэм. Мухьэмэд лIыгъэ зэрихьэу хэтащ Хьэсэн гуэлым и Iэшэлъашэм 1938 гъэм щекIуэкIа зэпэщIэувэныгъэм, КъухьэпIэ Жыжьэ фронтым хэту. Хэку зауэшхуэр къэхъейри, абы и япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ Мухьэмэд фронтым Iутащ. 1942 гъэм и щIышылэм ар щыхэкIуэдащ Москва деж, щыхьэрыр фашист зэрыпхъуакIуэхэм ящихъумэу абы и уэгум иту. ЩIалэм и ныбжьыр илъэс 27-рэ ирикъуа къудейт...

Ари КIэфохэ си адэшхуэанэшхуэм я нэгум къыщIэхуа иужьрей гуауэтэкъым. Хэку зауэшхуэм хахуагъэ къагъэлъагъуэу хэтащ Мухьэмэд и къуэш нэхъыжь Рэмэзани, и шынэхъыщIэхэу Арсенрэ Владимиррэ. Топгъауэ КIэфо Рэмэзан, Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ хахуэр, 1943 гъэм зауэм хэкIуэдащ, къэралым и щхьэхуитыныгъэр ихъумэу. Зэрыбыниблым я нэхъыщIэ дыдэ Владимир дзэ-тенджыз авиацэм и кхъухьлъатэзехуэт. Ленинград бийм щызыхъумахэм яхэтащ. Илъэс 19 фIэкIа мыхъуауэ, 1944 гъэм уэгум щекIуэкI зауэм хэту абы и псэр итащ. Владимир и закъуэщ КIэфохэ я унагъуэм щыщу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрымытар.

Зэкъуэшхэм яз Арсен Ейск дэт дзэ-тенджыз авиацэ училищэр къиухат, Владимири хуэдэу. ИужькIэ и зэфIэкIым щыхигъэхъуат Леваневскэм и цIэр зезыхьэ авиаеджапIэм. Арсенрэ Владимиррэ зэгъусэу Хэку зауэшхуэм щыIащ, Балтикэ фронтым хэту. Ленинград бийм щыщахъумэ лъэхъэнэм уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ щыта Арсен 1944 гъэм фронтым къыIуагъэкIащ, ауэ иджыри илъэситIкIэ дзэм къулыкъу щищIащ. Мамыр гъащIэм къыхыхьэжа КIэфом и бгъэгум щылыдырт Бэракъ Плъыжь ордену тIу, «Ленинград зэрахъумам папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр, нэгъуэщIхэри.

Геленджик дэта парт школ нэхъыщхьэмрэ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетымрэ ехъулIэныгъэфIхэр иIэу къиуха нэужь, Москва къэрал университетым и экономикэ факультетми фIы дыдэу щеджащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ щIалэм адэкIэ и зэфIэкIым щыхигъэхъуащ МКъУ-м и аспирантурэм. Арсен илъэс куэдкIэ щригъэджащ КъБКъУ-м, абы и IэщIагъэлI нэхъыфIхэм халъытэу. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат си анэ дэлъхур хуабжьу дихьэхырт ди щIыналъэм и къекIуэкIыкIам. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ, щIэныгъэ тхылъхэм нэмыщI, къэхутэныгъэ хьэлэмэту къалъытахэу «Адыгэ фэеплъхэр» (1963), «Адыгэ-къэбэрдей-шэджэсхэмрэ ЯтIэкъуэ фэеплъым и щэхумрэ» (1999) тхылъхэр. Арсен дунейм ехыжащ 2003 гъэм.

Аруан къуажэм къыщызэIуаха школым фIы дыдэу щеджа нэужь, си анэ Мэрал и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Тэн Iус Ростов мэкъумэшыщIэхэмрэ лэжьакIуэбэмрэ я бынхэм папщIэ къыщызэIуахауэ щыта факультетым. ЦIыхубэм тхэкIэрэ еджэкIэрэ ди щIыналъэм щезыгъэщIа комсомолкэ жыджэру щытащ ар студент илъэсхэми. Ди щIыпIэм нэмыщI, Мэрал апхуэдэ къалэнхэр щигъэзэщIащ Шэшэн, Дагъыстэн щIыналъэхэми. Партым къалэн къащищIар жэуаплыныгъэ яхэлъу зыгъэзэщIа бгырыс бзылъхугъэ гупым саугъэту нэрыплъэ зырыз къратауэ щытащ, Франджым щащIауэ. Ростов еджэныр ехъулIэныгъэ иIэу щызэфIигъэкIа нэужь, си анэм къиухыжауэ щытащ педагогикэмкIэ факультетри. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта бзылъхугъэм къуажэм къигъэзэжащ икIи абы дэт школым лэжьэн щыщIидзащ. Абы и жэрдэмкIэ еджапIэм къыщызэIуахауэ щытащ япэ библиотекэр. Апхуэдэу си анэм дахэу уэрэд жиIэрт, пшынэм IэкIуэлъакIуэу еуэрт, сурэтхэри екIуу ищIыфырт. Ар я пашэу, къуажэ клубым куэдрэ щагъэувырт спектакль цIыкIухэр.

«Къэрэхьэлъкъ» газетыр къыдэкIын щыщIидза дыдэ лъандэрэ КIэфохэ я унагъуэм илъащ. Мамэ жиIэжу зэрыщытамкIэ, абыхэм я адэ ЖэбрэIили, быным я нэхъыжьхэу Рэмэзанрэ езымри а газетым и къуажэ корреспондентхэт. Ахэр хэтауэ щытащ «Къэрэхьэлъкъым» и къуажэ корреспондентхэм я 2-нэ съезду Налшык 1927 гъэм щекIуэкIам.

Сыт хуэдэ жылагъуэ лэжьыгъэми хуэжыджэр Мэрал хэтащ лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм и кум ди республикэм къыщызэрагъэпэщауэ щыта бзылъхугъэ шууейхэм я зекIуэм. Гупым я пашэт Псыгуэнсу щыщ колхозхэт цIэрыIуэ Мысостышхуэ Былэ. Мамэ и гъусэу зекIуэм хэтауэ щытащ аруандэс бзылъхугъэхэу Хьэкъун ФатIимэт, Бейтыгъуэн (Хьэжыкъарэ) Къэрэжан сымэ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ, сэ илъэсихым ситт. Си анэ Мэрал фронтым кIуэну хэтащ, арщхьэкIэ ди адэшхуэм идауэ щытакъым. А зэманым ар партым и райкомым щылажьэрти, апхуэдэ къулыкъущIэхэм ящыщ куэд зыхэта партизан гупым хыхьащ. Бийр гъунэгъу дыдэ къыщыхъуам, коммунисткэ Мэрал мурад ищIат икIуэт ди зауэлIхэм я гъусэу къуажэм дэкIыну. Иджыпсту зэхэсх хуэдэщ адэшхуэм и псалъэхэу мамэ жриIар: «Си къуиплIыр фронтым Iутщ, хъыджэбз нэхъыщIитIыр дунейм ехыжащ, уэр гуэрыр унэм усхуигъэкIынукъым... Алыхьым и Iэмырмэ, дыкъелынщ. Мыхъурэ - зэгъусэу ди мащэ дгъуэтыжынщ...»

Бэлыхь куэд и фэм дэкIащ си анэм зауэ зэманми абы иужь лъэхъэнэми. ПцIы зытралъхьэу гугъу ирагъэхьахэм, партым къыхадзахэм ящыщащ ар. АтIэми, зэманым псори и пIэ иригъэувэжащ. Мэрал партми хагъэхьэжащ, зэрагъэкъуэншахэри лъабжьэншэу къалъытащ. Ар тхыдэ псо мэхъу...

Ди Хэкур хуит хъужа нэужь, Къэбэрдей АССР-м и облисполкомым абы щыгъуэ щыIа Мэрал япэщIыкIэ къуажэ колхозым щылэжьащ, иужькIэ школым къигъэзэжащ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ щIэблэм яригъэджу. ЕгъэджакIуэхэр лэжьыгъэм къыщыдэхуэ зэманым колхоз губгъуэм итт, сабий нэхъыжьыIуэхэри ящIыгъуу. Зэманыр хьэлъэт, гугъут, ауэ нэгъуэщIу хъунутэкъым. «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ» псалъэжьым и чэзу дыдэт...

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 50 гъэхэм я кIэухым сэ КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзгъэгъуэта нэужь, илъэс куэдкIэ сыщылэжьащ Аруан дэт курыт школым.

ГъащIэм щапхъэу щызиIа, цIыху пэжу, Хэкур, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ илъагъуу псэуа си анэ КIэфо Мэрал дунейм ехыжащ 1993 гъэм. Ар «а IэщIагъэм къыхуалъхуащ» зыхужыпIэну егъэджакIуэу щытащ, щIэныгъэу бгъэдэлъыымкIи, цIыхугъэрэ пэжагъыу хэлъымкIи дэбгъуэн щымыIэу щIэблэм я гъэсакIуэ, ущиякIуэ нэст. КIэфохэ ЖэбрэIилрэ Саупхъанрэ я бынхэм яхэтакъым апхуэдэу мыпсэуа: пэжыр ягъэнэхъапэу, хэкур фIыуэ ялъагъу, дзыхь къыхуащIа къалэныр жэуаплыныгъэ пылъу зэфIахыу.

*Сталинэт къыщыхъуа КIэфохэ я унагъуэм теухуа и гукъэкIыжхэр щызэхуихьэсыжащ «Фэеплъыр щIэину» и тхылъым. Ар Котляровхэ я тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ илъэс зытхух ипэкIэ. Бзылъхугъэм къытхуиIуэтэжахэми абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхылъым итхэми я лъабжьэр ди къэралым щекIуэкIа Iуэхугъуэхэращ, ар зыухуа хэкупсэхэм я гъащIэ купщIафIэхэращ, ятелъа гугъуехьхэмрэ хьэзабхэмрэщ. А псори блэкIащ, фIыми Iейми - гъащIэщ: зыми къыпхуегъэгъэзэжынукъым, зыри пхузэхъуэкIыжынукъым. Къэралым и нобэрей тхыдэм хэт дэ къытхуэнэжыр зыщ: фIыр ди гъуэгугъэлъагъуэу, зэгурыIуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ ди гуращэу дунейм дытетынырщ, япэ итахэм гупсысэу яIамрэ Iуэху зехьэкIэу ябгъэдэлъамрэ щIэин лъапIэу лъэпкъым къызэрытхуэнэр зыщыдмыгъэгъупщэным дыхущIэкъуу.*

**КЪАРДЭН Маритэ**.



КIэфо ЖэбрэIил *(1884 - 1947)*



КIэфо Саупхъан *(1886 - 1969)*



КIэфо Мэрал *(1913 - 1993)*



КIэфо Сталинэт




● ЖыIэгъуэхэр

## Мы зэзымыпэсым мыIэрысэ хуэфащэкъым

- Зыри зумыщIэфыну Iуэху гуауэр, лIыгъэ зыхэлъхьи, шэч.
- Аргъынэ уэдым Iэмбатэ пшэр зэи къуитынукъым.
- ИкIи ужьмэ, икIи ужьеймэ, хэт уи гугъэ къыпхуеижыр?
- Зэ узыпхыхуа мылым етIуанэу утемыхьэжи нэхъыфIщ.
- Зи зэманыр къызэмэщIэкIыр зэгъэзэхуэкIэ зымыщIэрщ.
- ЦIыхум хуэпщIэр щыгъупщэжми, епщIэр щыгъупщэжыркъым.
- Псори зэхуэдэу фIыуэ зылъагъуф щыIэкъым.
- УзыфIрэ зауэфIрэ щыIэкъым.
- Сыт хуэдэ лъагагъми и къежьапIэр щIылъэращ.
- ФIым къыхуэмышэр Iейм къеху.
- Мы зэзымыпэсым мыIэрысэ хуэфащэкъым.
- Уи псалъэри, уи мылъкум хуэдэу, зэгъэзэхуэн хуейщ.
- Сабий макъыхэр уи пщIантIэм къыдэIукIмэ, уунагъуэ насыпыфIэщ.

КIУРАШЫН Алий.

● ГушыIэ

## Ар хьэлу къыпхуэнэнщи...

Хъуэжэ и шы пэхужьыр щIищIэри, къалэм кIуэну ежьащ. Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, зы псы шэд гуэрым щикIым шыр зыщIэувыIыкIри, етхауэу щIидзащ. «Но-о!» - жиIэри хъуакъым. Аргуэру «но-о!» жиIэри хъуакъым. ЧнутIкIэ фIыуэ иубэрэжьащ, арщхьэкIэ, етхауэ фIэкIа, шым зигъэхъейртэкъым.

- Ей, си шы пэхужь мыгъуэ, ар хьэлу къыпхуэнэнщи, уэри абы утекIуэдэжынщ, итIанэ уигу сыкъэгъэкIыж! - жиIэри, Хъуэжэ и чнутIыжьыр шым жьэхидзэжщ, гури шыри абдеж къыщинэри, езыр лъэсу къалэм кIуащ.

Къыщыкlуэжым, Хъуэжэ шыр къызыщинам бгъэдыхьэрэ еплъмэ, шы пэхужьым и къупщхьэм фIэкIа зыри игъуэтыжакъым - ар дыгъужьхэм яшхат. Хъуэжэ шым и къупщхьэм зыхуигъазэри жиIащ:

- БжесIатэкъэ а уи хьэлыжьым узэрытекIуэдэжынур!

МАХУЭ Iэлисэхь.



● Шхыныгъуэхэр

## Кхъуейжьапхъэ

Псы щIыIэ зэрыт шыуаным япщэфIыну къагъэхьэзыра шатэм и зэхуэдитIым нэхърэ нэхьыбэр иракIэри, дакъикъэ зытIукIэ къагъавэ. Къэнам джэдыкIэ кугъуэ уда хакIэ, зэIащIэурэ гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIа хаклутэ, а псори шыуаным ит шатэ къэкъуалъэм хакIэ, зэIащIэурэ дакъикъи 5 - 8-кIэ хьэкум трагъэтщ. Абы иужькIэ тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта кхъуей цIынэ гъэтэджа мышыур хаклутэ, псы щIыIэ тIэкIукIэ зэхэщIа шыгъушыпс хакIэ, шыуаныщхьэр ныкъуэтепIэу къагъанэри, дакъикъи 10 - 12-кIэ, тхъу къыщIидзыху, мафIэ цIыкIум тету къагъавэ.

Кхъуейжьапхъэ хьэзырым кхъуейр хэмыткIухьауэ, зэпышу хэлъщ, тхъу гъуэжь дахи къытрищIауэ. Пщтыру яшх. ПIастэ, мырамысэ, лэкъум, мэжаджэ, щIакхъуэ докIу.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** псы щIыIэу - г 40, шатэу - г 260-рэ, кхъуей цIынэу - г 30, гуэдз хьэжыгъэу - г 7, джэдыкIэ кугъуэу - 1, шыгъур зэрагъэткIу псыуэ - г 12, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

## ЛыхэкIхэм дашх бжьыныхушыпс, шхурэ шатэкIэ щIауэ

Бжьыныхур яукъэбз, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, цIыкIу-цIыкIуу яупщIатэ, убалъэм иралъхьэ, шыгъу щабэ хакIутэри яуб. Фалъэ къащтэри, бжьыныху убар иралъхьэ, шхурэ шатэрэ хакIэри, фIыуэ зэIащIэурэ шыбжий плъыжь сыр хакIутэ.

Бжьыныху шыпсыр нэху къекIауэ яшхыркъым, щашхынум ящIу арaщ. Лым, жэрумэм, кIуэцI гъэвам я гъусэу нэхъ яшх.

Бжьыныхур лыхьэжым щIамыгъэкIмэ нэхъыфIщ. Япэрауэ, абы щыгъуэ бжьыныхур мэуфIыцI, етIуанэрауэ, витамин С-р мэкIуэд, ещанэрауэ, псыкIэ мэхъу.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):*** бжьыныху укъэбзауэ - г 7, шыгъуу - г 7, шхууэ - г 100, шатэу - г 35-рэ, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.





● Фэ фщIэрэ?

## Дунейм футболымкIэ и чемпионхэр

Футболыр цIыхушхуэ дэзыхьэх спорт джэгукIэ лIэужьыгъуэщ. FIFA-м къызэригъэлъагъуэмкIэ, щIы хъурейм щыпсэухэм ящыщу цIыху мелларди 5 кIэлъоплъ а топ джэгухэр зэрекIуэкIым, мелуан 265-р футбол гъащIэм жыджэру хэтщ, а унэтIыныгъэм я зэфIэкI щагъэлъагъуэу.

ФутболымкIэ дунейпсо чемпионатыр ильэсиплI къэс зэхашэ. Ар щекIуэкIым деж дэнэкIи щызэхэпхыр абы и хъыбарщ, топ джэгу гупхэм я зэфIэкIым, бжьыпэр зыубыдынум теухуа зэдэуэныгъэхэр и лъабжьэу.

Илъэс зэхуэмыдэхэм а спорт лIэужьыгъуэмкIэ текIуа къэралхэр фщIэжу пIэрэ?!

1930, 1950 гъэхэм - Уругвай;

1934, 1938, 1982, 2006 гъэхэм - Италие;

1954, 1974, 1990, 2014 гъэхэм - Германие;

1958, 1962, 1970, 1994, 2002 гъэхэм - Бразилие;

1966 гъэм - Инджылыз;

1978, 1986, 2022 гъэхэм - Аргентинэ;

1998, 2018 гъэхэм - Франджы;

2010 гъэм - Испание.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и зэранкIэ ФутболымкIэ дунейпсо чемпионатыр 1942, 1946 гъэхэм ирагъэкIуэкIакъым.

● Тхыгъэ кIэщIхэр

## ЗэкIэрыкIыркъым

А тIур зэи зэкIэрыкIыркъым. Зыр здэщыIэм адрейри щыбгъуэтынущ. Зэныбжьэгъу пэжщ ахэр. Куэд щIауэ къызэдежьауэ къогъуэгурыкIуэ Узотрэ Къызэтрэ. Зыгуэрым и Iуэху мыщIагъуэмэ, Узот занщIэу нос, доIэпыкъу. Ар хуабжьу хьэтырыфIэщ. ЛъэкI псори ищIэнущ Къызэт щхьэкIэ. Къызэти ар игъэщIэхъуркъым. Абы фIыуэ ещIэ, Узот щымыIэмэ, езы Къызэти зэрыщымыIэнур.

## Шыд-унафэщI

Шыдыр гъуэгубгъум ягъэуват, блэкIхэр ибжыну къалэн щащIри. Зыкъомрэ ибжащ, нэгъуэщI Iуэху зэримыхуэу. ИтIанэ блэкIхэм ятекIиеу, унафэ яхуищIу щIидзащ. «Нэхъ псынщIэу фыкIуэ! ИжьырабгъумкIэ вгъазэ! СэмэгурабгъумкIэ дэвдзых!»

Апхуэдэурэ шыдыр унафэщI хъуащ. Ауэ аратэкъым гъэщIэгъуэныр, атIэ псори абы зэредаIуэрат. Зыри пэувыртэкъым, ар уэ уи Iуэхукъым, жиIэу. Псори есат нэхъ ину кIийм едаIуэ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

## Псалъэзэблэдз



***Къехыу:*** **1**. Губгъуэ джэдкъаз пIащэ, къру лъэпкъхэм щыщ. **2**. Адыгэш къабзэ. **3**. ТхъуцIынэ еуа нэужь, къыщIэж псыр. **4**. Зыгуэрхэр ирагъэбыдэн папщIэ, ягъэтIатIэурэ къагъэсэбэп сагъыз кхъуэщыныфэ быдэ. **7**. ЗанщIэу зэкIэлъыкIуэу гъэмахуэ жэщ ныкъуэм деж къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыблэ вагъуищ. **11**. Езым ищэ хьэпшыпхэм егъэлеяуэ уасэшхуэ хуэзыгъэув, а уасэми пхутемыкI. **12**. Банэ зытет удзыжьхэм ящыщ зы лIэужьыгъуэ. **14**. Щхьэм и гущIыIу дыдэ. **15**. IитI зэкIэщIэхам хуэдиз зи кIыхьагъ щапхъэ.

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. ЦIыхур зыщIэкъу, игу ирилъхьа, къалэну зыхуигъэувыжа. **6**. Чэтэным, щэкI Iувым, фэм къыхэщIыкIа IэмпIэ, къэлътмакъ. **8**. ЦIыхур щалъхуа, щапIа е щыпсэу щIыпIэ. **9**. НэщIащэм кууэ ис нэ. **10**. Бдзэжьей цIыкIу лъэпкъ. **13**. Дзэм я Iэтащхьэ, я унафэщI. **15**. Илъэсищым ит шыщIэ мыгъасэ. **16**. Бжьын-бжьыныху лъэпкъыгъуэм щыщ къэкIыгъэ. **17**. Псым ес джэдкъазхэм ящыщ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Мэлыжьыхьым и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Епсыхыу. **5**. БжьыхьэкIапэ. **8**. Пэу. **9**. Сес. **11**. Хьэщхьэтеуэ. **12**. Мелыыч.

***Къехыу:*** **1**. Яе. **2**. ДыщэкI. **3**. Гуу. **6**. Жьапщэ. **7**. Пасэу. **10**. Хьэмыку. **12**. Мы. **13**. Чы.

